ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№138 (22.796) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий я щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуа цІыхухэр иригъэблэгъащ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыхъэзащІэм и унафэкІэ ядэІэпыкъунущ зыкъызыхуэзыгъэза псоми

ЩХЬЭЛЫКЪУЭ щыщ пенсионеркэм балигъ мыхъуа и къуэрыльхуитІыр епІ, опекуным и хуитныгъэ иІэу. Сабийхэм я адэр къадэІэпыкъуркъым, анэращ зыгуэр къахуэзыщІэр. Унагъуэр зыщІэсыр ущыпсэуну шынагъуэу къалъытащ.

Налшык къалэм щыпсэу цІыхубзым и Іуэхур нэхъ гугъуэжщ. Тэмэму мыпсэльэф икІи зи акъылым нэсу зимыужьа бынитІым я анэр хущІокъу абыхэм ятелъ гугъуехьыр ящиГъэпсынщІэну, ауэ узым эпымыІуэ еІэлІэи, ахъшэ мымащІи тригъэкІуэдэн хуейщ. Щыхэпсалъэм КІуэкІуэ Юрий къИэтащ апхуэдэ уз пкърыту КъБР-м щыпсэу сабий псори ягъэхъужькІи папщІэ зыщІагъэкъуэным и Іуэхур. Зэман гъунэгъу дыдэм ягъэбелджылынущ абыхэм зэрадэІэпыкъуну щІыкІэр.

Прохладнэ къалэм щыпсэу, бынищ зыпІ анэм и щхьэгъусэр мы гъэм и гъатхэпэм мафІэм хисхьащ, уни мылъкуи яІэжкъым. Муниципальнэ унафэщІхэм зыбжанэрэ захуигъэзащ, арищхьэкІэ зэкІэ зыри къыпэджэжыркъым. Прохладнэ къалэм и щІыпІэ адміністрацэм и Іэтащхьэ Бирюк А. а зэІущІэм щыІэти жраІащ ЦІыхухэм я гукъеуэм ухуэгулъытэнщэ зэрымыхъунур икІи къалэн щащІащ мы унагъуэм зэрадэІэпыкъун Іэмал къыгъэтыну.

Налшык къалэм щыпсэу цІыхубзым и къуэр неврологым и деж учетым щыщытщ, и щхьэкуцІыр къызэреузым къыхэкІыу. Мы зэманым Москва щыІэ сабийр бэдзэнду къащта Іэмэпсымэкіэ ягъэбауэ, зы мазэм сом мин 15 ирату. А Іэмэпсымэр сом мин щиплІым нэблагъэ и уасэщ.

Шэрэдж районым щыІэ Къэщкъэтау жылагъуэм щыпсэу цІыхубзымрэ етІуанэ гупым хьихьэ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ и къуэмрэ онкологие диспансеры къащыкІэльоплъ. ТІуми хущхъуэ лъапІэхэмкІэ еІэзэн хуейщ.

Я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн хуейщ лэжьыгъэм и ветеран, апэ гупым хьихьэ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ, 1925 гъэм къалъхуауэ Прохладнэ районым и Дальнее къуажэм, Лэскэн районым щыщ Анзорей, Іуащхьэмахуэ районым хьихьэ Тырныауз къалэм щыпсэухэми.

ЗыкъыщІыхуагъэза Іуэху псори зэгъэщІыпІа Іуэхущ Іапіэхэм, щІыпІэ самоуправлением и органхэм пщэрылъ щащІащ зэман гъунэгъу дыдэм ахэр зэфІагъэкІыным елэжьыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

● Хъуэхъу

Танзиля ягъэлъапІэ

ПщІэ зыхуэтщІ Танзиля Мустэфа ипхъу!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр гурэ псэкІэ къохъуэхъу уи гуфІэгъуэ махуэмкІэ – илъэс 80 уэрэрикъуамкІэ!

Уэ уащхьщу зи къару, щІэныгъэ, опыт псори езым и цІыхубзм хуэдэжьынм езыхьэлІэхэм, политикэ, псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ зыхьыхьэ гупхэм емылъытауэ, цІыхухэм я Іуэху еплъыкІэхэм пщІэ яхуэзыщІхэм. Уэ пхуэфащэу утетщ Урысейм и литературэ Олимпым. Уэ уи усэхэр ягу ирохь, уи зэчийр яфІэтельыджэщ.

ЦІыхумрэ зэкупсэ нэсымрэ я щапхъэу Уэ къэбгъэльагъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунистэр егъэгушхуэ, ар гъуаэзу щытщ щІэбгъэщІэм я дежкІэ.

Уи гъащІэ гъуэгум и Іэпэгъу щрет екъуІэныгъэр, уи Іуэху дэкІыныр, узыншагъэр, насыпыр. Творческэ екъуІэныгъэщІэхэр уиІэну дыхуейщ! Апхуэдэу щІэращІэу икІи дахэу сыт щыгъуи щыт! Дэ дрогушхуэ Уэ уи гъусэу зы зэман дыдэрыщІыпсэуи.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитет.

● Гу зылъытапхъэ

ЦІыхубэ усакІуэм и махуэшхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, РСФСР-ми КъБР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэр Іэтауэ ягъэлъэпІэнущ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 22-м сыхьэти 10-м Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, усакІуэшхуэр къыщалъхуа махуэм и щІыхькІэ.

КъызэрэпэщдакІуэ комитетым и жэрдэмкІэ ягъэбелджылащ КІыщокъуэ Алим къызэралъхуэр илъэсищ зэрырикъум теухуа зэхьхьэшхуэр щрагъэкІуэкІынур - ар мы гъэм жэпуэгъуэм икуэм ирырагъэхьэлІэнущ. УсакІуэр гъэлъэпІэным теухуа унафэр КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкІащ, Іуэхур зэфІэзыхьну комитетыр мэлажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжым и цІэр къыгуэхьпІэ имыІэу епхащ къэбэрдей усыгъэмрэ художественнэ прозэмрэ я зыужьыныгъэм. Республикэм егъэджэныгъэмкІэ и министр къулыкъум щегъэжьауэ, илъэс пщІы бжыгъэкІэ абы и кІарур зрихьэлІа жылагъуэ лэжьыгъэри мащІэкъым.

Гъэ къэс КІыщокъуэ Алим и фэеплъым деж щызэхуос республикэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ, политикэ Іуэху зезыхьэхэр, усакІуэ цІэрыІуэм и гуащІэр фІыуэ зыльагъуэхэр. Утым и деж КІыщокъуэм и усэхэм къыщыдожь, Алим теухуа я гукъэкІыжхэмкІэ зэдогуашэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

МАТВИЕНКЭ Валентинэ:

Республикэр зыужьыныгъэм и гъэгум тетщ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ. Псом япэу ар щыІащ КъБР-м и япэ Президенту щыта Кіуэкіуэ Валерий къызыдэкІа Дыгулыбгъуей жылэм икІи абы и кхъащхьэм удз гъэгъа трилъхьащ. Абы игъусащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ япэ Президентым и щхьэгъусэ КІуэкІуэ Виолеттэрэ.

АДЭКІЭ Матвиенкэ Валентинэрэ КІуэкІуэ Юрийрэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыщекІуэкІыр.

- Лэжьыгъэм фызэрыпэрыхьэрэ куэд мыщІами, зэфІэвгъэкІахэр къэпльытэмэ, Іэнатіэр илъэс зыбжанэ хъуауэ уэфхэжьІым хуэдэщ, - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ. - Республикэм и социально-экономикэ щытыкІэр къапщтэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьхэр щыІэ?

- Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу ахъшэшхуэ къыпІэрыхьащ. Ди дежкІэ абы мыхъэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Хъуэгуэгъэм я щыІэкІэпсэукІэм тещІыхьауэ д 82-нэ увыпІэм дыщыІащ, ауэ мы гъэм и мэлыжьхьэ мазэм щегъэжьауэ зыкъэтІэту щІэддэщ. Иджы республикэм и Іуэхур нэхъ йофІакІуэ. ЩІыналъэм щызэдгъэкІыжІ Іуэхухэм къапэкІуэ хэхъуэр нэхъыбэ хъуащ. Абы Іэмал къыдет унэтІыныгъэ щхьэхуэхэм зедгъэужьныкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр къытеувыІащ УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» республикэм зэрыщагъэзащІэм, псом хуэмыдэу дохутырэмрэ егъэджакІуэхэмрэ епха Іуэхухэм. Апхуэдэу КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІуэр сабий садхэм гъэкІуэным пыщІа гугъуехьхэм. Псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, республикэм сабий саду 8 щаухуащ, зыбжанэ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщажащ. Абы и фІыгъэкІэ чэзум щыта щыкІу мини 3,5-м иджы Іэмал яІэщ сабий садым кІуэну. КІуэкІуэ Юрий къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэурэ екІуэкІмэ, етІанэгъэ щыщІэдзауэ сабий садхэм чэзу щыІэжьнукъым.

КъыкІэлъыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіэр щыІащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым. Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ узыншагъэр хъумэныкІэ министр Щэт Ирмэрэ хьэщІэр щагъэгъуэзащ центрым щеКІуэкІ лэжьыгъэм, абы и кущдамэкэр иджырей медицинэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщар ирагъэлъэгъуащ.

Абдежым Матвиенкэ Валентинэрэ КІуэкІуэ Юрийрэ журналистхэм яІущІащ икІи абыхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

«1 КъБР» КъТРК-м и журналист Ярославская Маринэ хьэщІэм еупщІащ республикэм щиплъэгъуахэм тещІыхьауэ, абы и социально-экономикэ щытыкІэр къызэрыщыхъуам теухуауэ.

- Мазитхум кърикІуар къызэщІэпкъуэжиэ, республикэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зиужьащ, - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ. - Республикэм къыщыщІагъэкІ промышленнэ продукцэр проценти 107,1-рэ мэхъу, къапщтэмэ, ар Урысейм и хэгъуэгу куэдым щыІэ бжыгъэм нэхъ р нэхъыбэщ. Ухэзыгъэ ирагъэкІуэкІэхэр, щІыналъэм езым иІэ хэхъуэхэр процент 20-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу демографие щытыкІэр ефІэкІащ, кьалъхуагъащІэ сабийуэ дунейм ехьжхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ. Ахэр республикэм и мызакъуэу, къэралым дежкІи икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ. Къэралым и щІыналъэ куэдым хуэдэуи, Къэбэрдей-Балъкъэрри ящыщщ дотащэ зратхэм. Республикэм и щхьэр игъэпсэжыну иІэ хэхъуэр процент 47-рэ хъууэ араща, адрей мылъкур федеральнэ бюджетым къыхэкІыу къыІэрохьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм и фІыгъэкІэ, республикэм мы илъэсым и кІэ хъуху сом мелуан 700 къыІэрыхьэнущ. УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» тэмэму гъэзэщІа хъунымкІэ а мылъкур щІэгъэкъуэнышхуэщ. Мы илъэсым и кІэхэм деж егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ я улахуэр республикэм ику иту къыщахьым нэгъэсыпхъащ, ар сом мин 18 нэхърэ нэхъ мащІэу щытын хуейкъым.

Матвиенкэ Валентинэ тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэхэм зыужьыныгъэфхэр зэрыщекІуэкІам, апхуэдэуи абы щыІа ныкъуэныгъэхэми къытеувыІащ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіыр Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам арэзы къыщІащ. «Центрым медицинэм и унэтІныгъэ куэд къызэщІеубыда, цІыхухэм фІагъ лъагэ зиІэ дэІэпыкъуныгъэхэр хуащІэныкІэ Іэмал псори яІэщ, нэхъыщхьэращи, сабийхэм я узыншагъэм гулъытэшхуэ щыхуащІ», - жиІащ хьэщІэм.

Ахъшэшхуэ зрата медицинэ Іэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу зэрыщытым, къапщтэмэ, Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и хирургие хъудамэм щІэт оборудованэр 2007 гъэ лъандэрэ зэрамыгъэлэжьам тКІийуэ тепсэлъыхьащ Матвиенкэ Валентинэ.

- Республикэр жыджэру зыужьыныгъэ гъэгум тетщ, - жиІащ абы. - Сэ сызэреплъымкІэ, республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм лэжьыгъэр хъарзынэу къызэрегъэпэщ, жыпІэнэрамэ, и къалэнхэм фы дыдэу польэщ. Псоми къагуроІуэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я зэманыр къызэрысар, ар унэтІныгъэ псоми щекІуэкІын хуейщ. Сэ шэч кьытесхьэркьым республикэм нобэ щекІуэкІ зыужьныгъэм илъэс къэс хэхъуэрэ зэрыкІуэнуи.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и телеканлым и журналист Настоев Николай и упщІэр теухуат республикэм щынагъуэнщагъэр къызэрыщыщІэзгъэпэщам, абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр зэрырагъэфІэкІуа щыкІам.

- Республикэм щынагъуэнщагъэр къыщІэздгъэпэщын папщІэ Іэмал щхьэхуэ къэдгъэсэбэпу аракъым, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ зэрыщыгъэм нобэ щекІуэкІ зыужьныгъэм илъэс къэс хэхъуэрэ зэрыкІуэнуи.

- Гугъуехь гуэрхэр кьиГъэхъуми, абы щынагъуэ хэлъхьам, - жиІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІым. - Урысейр зи щІэхъуэ зыгъэпсэужьыф къэрал пІащІэ, абы къыхэкІыу а Іуэхум хилъэфэнур ди къэралрамэ зэпыщІэныгъэхэр зыгъэмэщІарами зыми ищІэркъым. Урысейр бгъэшынагъ иужь уихьаныр, ар зыри къыхэзрымыкІын Іуэхущ. Украинэм и цІыхухэр зауэм хуэзышар псоми ящІэ, а зэпэщІэувэныгъэр къагъэувыІэным и пІкІэ, къэрал унафэщІхэмрэ абыхэм я унафэр ядэзыІыгъэмрэ Урысейр къуанщэу къыщІрагъэдзыну хэтщ. Ди къэралыр сытыми и дежи и телъхьэщ мамыр зэпсэльэныгъэм, ди бжэр зыми яхуэзхуэтщІакъым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.



Хьэшыр Чылар и лІыгъэ

Бадзэуэгъуэм и 23-м илъэси 185-рэ ирокъу адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар псом япэу Іуащхьэмахуэ и щыгум къызэрыщыхутэрэ.

УРЫС генерал Эммануэль зыхуигъэувыжа къалэнхэм ящыщ зыщт Іуащхьэмахуэ и щыгу дэкІыныр. Ар зрагъэхъулІатэмэщ, Кавказ Ищхьэрэм и курыкхыр Урысей пащтыхьыгъуэм зыІэригъэхьауэ къалъытэ щыхъунур. Апхуэдэут Эммануэль а Іуэхум зэрепльыр.

Іуащхьэмахуэ къэгъэІурыщІэным хуэзхуихуса дзэм генерал Эммануэль хигъэхьащ, Налшык быдапІэм и коммендант подполковник Ушаков зи пашэ, лъэсырыкІуэлІ 600-м щІигъур, топыжьитІ здезыльфэжьауэ зи бжыгъэр 400-м нызэрыхьэс къэзакъхэр, мы жьанэбэ щІыпІэхэм, къущхьэхъуэм пэмыжьжьэу псу къэбэрдейхэмрэ къэрэшейхэмрэ, Бахъсэныщхьэ дэс Урысбий лъэпкым и тхьэмадэ Мырзэ-Къул сымэ, нэгъуэщІхэри. ЗекІуэм хэтынуэр Константиногорск къыщежьэри, Балъкъыпс сэмэгумкІэ щыхэльадэ Хьэсэут и псыхъуащхьэхэм деж къыщызэтеувыІащ.

Зауэм хуэщІа апхуэдизэ цІыху къыщІызэрехьэжьам и щхьэусыгъуэр зэхигъэкІыну зэхуэсыпІэм къкІуэлІащ Къэрэшейм и уэлий Крымшамхалов Ислъам. Абырэ Эммануэльрэ Къэрэшейр Урысейм зэрыгухьам теухуа зэгурыІуэныгъэ зэрызэращІылІэрэ илъэс ныкъуэ дэкІами арыдгъэкІ. Апхуэдэу мы щІыпІэм, шу гупышхуэ и гъусэу, къэкІуащ нэгъуеищ Мансур Ашакой.

«Іуащхьэмахуэ кІэрыхьэну гупыж зыщІа щІэныгъэлІхэу: ботаник Мейер, франджы зоолог Менетрие, Ленц, Купфер, мэжэр зыпІэлъхьакІуэ де Бесс сымэ дэгъэзэгурыкІуэн папщІэ, зекІуэ зэдежьа гупышхуэм, езыхэм яфІэфІу, къэзакъ 20-рэ къэбэрдей адыгэхэм ящыщу Хьэшыр Чыларрэ къахэкІащ» (Потто В., «Кавказская война», 382-нэ напэкІуэцІ).

Бгы фІыцІэхэм щынэблагъэм, гупым хэтхэм гу лъатащ абдежым щыщІэдзауэ Іуащхьэмахуэ уридэкІыну зы лъагъуэ нэхъ мыхъуми зэрыщымыІэм. Абы къыхэкІкІэ, а пщыхьэщхьэм бгым дэкІахэр къызэтеувыІащ. Абдежым сэтейуэ щІы ІэнэщІ тІэкІу къыщагъуэтри, нэху къыщекІащ.

«Бадзэуэгъуэм и 23-м пэджагъуэ хъуауэ, мэжэр зыплъыхьакІуэ де Бесс нэрыплъэ здиплъэм, Іуащхьэмахуэ и джабэхэм зэщІэуІуэжу кІэрылъ уэсхэм елъэрышауэу япхрыкІ щыхуи 4-м гу лъитащ. Абыхэм ящыщу 3-м куэд дэмыкІыу загъэбэхами, увыІэгъуэ имыІэу, кІуэ пэтми нэхъ лъагэжу зызыІэт епІанэр Іуащхьэжь уардэм и щхьэщыгум фІыцІатгъэ щІыкІуу щхьэщыуващ. Иужьым наІуэ зэрыхъуамкІэ, ар Налшык къыдэкІа хьэбэрдей щІалэ Хьэшырхэ Чылару къыщІэкІащ» (Потто В., «Кавказская война», 383-нэ напэкІуэцІ).

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Тюбеев А. И. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхьилъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд пъандэрэ хьэлэлу республикэм и къэрал властым и органхэм зэрыщылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№153-УГ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм и фІыгъэкІэ, республикэм мы илъэсым и кІэ хъуху сом мелуан 700 къыІэрыхьэнущ. УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» тэмэму гъэзэщІа хъунымкІэ а мылъкур щІэгъэкъуэнышхуэщ. Мы илъэсым и кІэхэм деж егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ я улахуэр республикэм ику иту къыщахьым нэгъэсыпхъащ, ар сом мин 18 нэхърэ нэхъ мащІэу щытын хуейкъым.

Матвиенкэ Валентинэ тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэхэм зыужьыныгъэфхэр зэрыщекІуэкІам, апхуэдэуи абы щыІа ныкъуэныгъэхэми къытеувыІащ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіыр Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам арэзы къыщІащ. «Центрым медицинэм и унэтІныгъэ куэд къызэщІеубыда, цІыхухэм фІагъ лъагэ зиІэ дэІэпыкъуныгъэхэр хуащІэныкІэ Іэмал псори яІэщ, нэхъыщхьэращи, сабийхэм я узыншагъэм гулъытэшхуэ щыхуащІ», - жиІащ хьэщІэм.

Ахъшэшхуэ зрата медицинэ Іэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу зэрыщытым, къапщтэмэ, Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и хирургие хъудамэм щІэт оборудованэр 2007 гъэ лъандэрэ зэрамыгъэлэжьам тКІийуэ тепсэлъыхьащ Матвиенкэ Валентинэ.

- Республикэр жыджэру зыужьныгъэ гъэгум тетщ, - жиІащ абы. - Сэ сызэреплъымкІэ, республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм лэжьыгъэр хъарзынэу къызэрегъэпэщ, жыпІэнэрамэ, и къалэнхэм фы дыдэу польэщ. Псоми къагуроІуэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я зэманыр къызэрысар, ар унэтІныгъэ псоми щекІуэкІын хуейщ. Сэ шэч кьытесхьэркьым республикэм нобэ щекІуэкІ зыужьныгъэм илъэс къэс хэхъуэрэ зэрыкІуэнуи.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и телеканлым и журналист Настоев Николай и упщІэр теухуат республикэм щынагъуэнщагъэр къызэрыщыщІэзгъэпэщам, абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр зэрырагъэфІэкІуа щыкІам.

- Республикэм щынагъуэнщагъэр къыщІэздгъэпэщын папщІэ Іэмал щхьэхуэ къэдгъэсэбэпу аракъым, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ зэрыщыгъэм нобэ щекІуэкІ зыужьныгъэм илъэс къэс хэхъуэрэ зэрыкІуэнуи. ИкъукІэ дэІэпыкъуэгъуэщхэ мэхъу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм даззрыдэлажьэр. Апхуэдэу хабзэхъумэ лэжьакІуэхэм я Іэзагъми куэд елъытащ.

ИТАР-ТАСС-м и лжьакІуэ Гериевэ Іэсият Матвиенкэ Валентинэ зыхуигъэзащ Европэмрэ Урысеймрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр Украинэм щекІуэкІ Іуэхухэм я пкІэ иткІэ зэрагъэмэщІам теухуа и Іуэху еплъыкІэр къыщІэну.

- Гугъуехь гуэрхэр кьиГъэхъуми, абы щынагъуэ хэлъхьам, - жиІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіым. - Урысейр зи щІэхъуэ зыгъэпсэужьыф къэрал пІащІэ, абы къыхэкІыу а Іуэхум хилъэфэнур ди къэралрамэ зэпыщІэныгъэхэр зыгъэмэщІарами зыми ищІэркъым. Урысейр бгъэшынагъ иужь уихьаныр, ар зыри къыхэзрымыкІын Іуэхущ. Украинэм и цІыхухэр зауэм хуэзышар псоми ящІэ, а зэпэщІэувэныгъэр къагъэувыІэным и пІкІэ, къэрал унафэщІхэмрэ абыхэм я унафэр ядэзыІыгъэмрэ Урысейр къуанщэу къыщІрагъэдзыну хэтщ. Ди къэралыр сытыми и дежи и телъхьэщ мамыр зэпсэльэныгъэм, ди бжэр зыми яхуэзхуэтщІакъым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

МАТВИЕНКЭ Валентинэ:

Республикэр зыужьыныгъэм и гъэгум тетщ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ. Псом япэу ар щыІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ япэ Президентым и щхьэгъусэ КІуэкІуэ Виолеттэрэ.

АДЭКІЭ Матвиенкэ Валентинэрэ КІуэкІуэ Юрийрэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыщекІуэкІыр.

- Лэжьыгъэм фызэрыпэрыхьэрэ куэд мыщІами, зэфІэвгъэкІахэр къэпльытэмэ, Іэнатіэр илъэс зыбжанэ хъуауэ уэфхэжьІым хуэдэщ, - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ. - Республикэм и социально-экономикэ щытыкІэр къапщтэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьхэр щыІэ?

- Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу ахъшэшхуэ къыпІэрыхьащ. Ди дежкІэ абы мыхъэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Хъуэгуэгъэм я щыІэкІэпсэукІэм тещІыхьауэ д 82-нэ увыпІэм дыщыІащ, ауэ мы гъэм и мэлыжьхьэ мазэм щегъэжьауэ зыкъэтІэту щІэддэщ. Иджы республикэм и Іуэхур нэхъ йофІакІуэ. ЩІыналъэм щызэдгъэкІыжІ Іуэхухэм къапэкІуэ хэхъуэр нэхъыбэ хъуащ. Абы Іэмал къыдет унэтІныгъэ щхьэхуэхэм зедгъэужьныкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр къытеувыІащ УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» республикэм зэрыщагъэзащІэм, псом хуэмыдэу дохутырхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ епха Іуэхухэм. Апхуэдэу КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІуэр сабий садхэм гъэкІуэным пыщІа гугъуехьхэм. Псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, республикэм сабий саду 8 щаухуащ, зыбжанэ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщажащ. Абы и фІыгъэкІэ чэзум щыта щыкІу мини 3,5-м иджы Іэмал яІэщ сабий садым кІуэну. КІуэкІуэ Юрий къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэурэ екІуэкІмэ, етІанэгъэ щыщІэдзауэ сабий садхэм чэзу щыІэжьнукъым.

КъыкІэлъыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіэр щыІащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым. Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ узыншагъэр хъумэныкІэ министр Щэт Ирмэрэ хьэщІэр щагъэгъуэзащ центрым щеКІуэкІ лэжьыгъэм, абы и кущдамэкэр иджырей медицинэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщар ирагъэлъэгъуащ.

Абдежым Матвиенкэ Валентинэрэ КІуэкІуэ Юрийрэ журналистхэм яІущІащ икІи абыхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

«1 КъБР» КъТРК-м и журналист Ярославская Маринэ хьэщІэм еупщІащ республикэм щиплъэгъуахэм тещІыхьауэ, абы и социально-экономикэ щытыкІэр къызэрыщыхъуам теухуауэ.

- Мазитхум кърикІуар къызэщІэпкъуэжиэ, республикэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зиужьащ, - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ. - Республикэм къыщыщІагъэкІ промышленнэ продукцэр проценти 107,1-рэ мэхъу, къапщтэмэ, ар Урысейм и хэгъуэгу куэдым щыІэ бжыгъэм нэхъ р нэхъыбэщ. Ухэзыгъэ ирагъэкІуэкІэхэр, щІыналъэм езым иІэ хэхъуэхэр процент 20-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу демографие щытыкІэр ефІэкІащ, кьалъхуагъащІэ сабийуэ дунейм ехьжхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ. Ахэр республикэм и мызакъуэу, къэралым дежкІи икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ. Къэралым и щІыналъэ куэдым хуэдэуи, Къэбэрдей-Балъкъэрри ящыщщ дотащэ зратхэм. Республикэм и щхьэр игъэпсэжыну иІэ хэхъуэр процент 47-рэ хъууэ араща, адрей мылъкур федеральнэ бюджетым къыхэкІыу къыІэрохьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм и фІыгъэкІэ, республикэм мы илъэсым и кІэ хъуху сом мелуан 700 къыІэрыхьэнущ. УФ-м и Президентым и «накъыгъэ унафэхэр» тэмэму гъэзэщІа хъунымкІэ а мылъкур щІэгъэкъуэнышхуэщ. Мы илъэсым и кІэхэм деж егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ я улахуэр республикэм ику иту къыщахьым нэгъэсыпхъащ, ар сом мин 18 нэхърэ нэхъ мащІэу щытын хуейкъым.

Матвиенкэ Валентинэ тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэхэм зыужьыныгъэфхэр зэрыщекІуэкІам, апхуэдэуи абы щыІа ныкъуэныгъэхэми къытеувыІащ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіыр Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам арэзы къыщІащ. «Центрым медицинэм и унэтІныгъэ куэд къызэщІеубыда, цІыхухэм фІагъ лъагэ зиІэ дэІэпыкъуныгъэхэр хуащІэныкІэ Іэмал псори яІэщ, нэхъыщхьэращи, сабийхэм я узыншагъэм гулъытэшхуэ щыхуащІ», - жиІащ хьэщІэм.

Ахъшэшхуэ зрата медицинэ Іэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу зэрыщытым, къапщтэмэ, Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым и хирургие хъудамэм щІэт оборудованэр 2007 гъэ лъандэрэ зэрамыгъэлэжьам тКІийуэ тепсэлъыхьащ Матвиенкэ Валентинэ.

- Республикэр жыджэру зыужьныгъэ гъэгум тетщ, - жиІащ абы. - Сэ сызэреплъымкІэ, республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр

Унагъуэ, лъагъуныгъэ, зэхуэпэжыныгъэ

2008 гъэм щыщIэдзауэ илъэс къэс бадзэуэгъуэм и 8-м ягъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ я махуэм теухуа Iуэхугъуэ гуапэхэр щекIуэкIащ Хьэтохъущыкъуэй зыгъэпсэхупIэ парким. Къалэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и Iуэхущ1апIэмрэ КъБР-м щы1э МВД-м и Щэнхабзэ центрымрэ ирагъэкIуэкIащ щыхьэрым и творческэ гупхэр, самодеятельнэ, артист цIэрыIуэхэр зыхэта концерт.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. Лъэныкъуэ кэд къызэщIэзыубыдэ махуэшхуэ зэхьыхэм щагъэлъэпIащ республикэм и щыхьэрым и гъащIэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа унагъуэхэри.

ДэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа а Iуэхугъуэм хэтащ КъБР-м щы1э МВД-м и лэжьакIуэхэм я унагъуэхэри. Абыхэм ящыщу: МВД-м и ветеран, милицэм и полковник Попов Виктор зи нэхъыжьыр. Абырэ и цыхьэгъусэмрэ илъэс 35-рэ хъуауэ зэдопсэу, зы къуэ зэдапIащ. Виктор республикэм хъарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министрым и къуэдзэу щытащ, иджыпсту КъБР-м и парламент хэхьныгъэхэм зыщыдзыгъэлъагъуэхэм ящыщу, КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым жылагъуэ пэжыгъэшхуэ щызэхфIех. И цыхьэгъусэ Нинэ МВД-м и ОВИР-м и лэжьакIуэу щытащ. Зэщхьэгъусэхэр нэхъ дзэныхьхэхэм ящыщу я дачэм илэжьыхьыщ, зэгъусэу я нэгу зрагъэужьыныщ, спектаклхэм, концертхэм кIуэныр.

Сокъурхэ я унагъуэми а махуэр ягъэлъапIащ. Мадинэ ксарал кIуэцI къулыкъуэм и капитанщ, Анзор полицэм и майорщ. Илъэс 11 хъуауэ зэдопсэу, я щIалэ цIыкIу Дамир еплIанэ классым щоджэ.

Борэхэ я унагъуэр узэхъуэпсэнщ. Артур Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куеймкIэ и къудамэм щолажьэ, полицэм и полковникщ. Илъэс 15-м дзэ училищэм щIэтIысхьащ, офицеру щытащ, Белоруссиэм къулыкъу щищIащ, адэкIэ къалэным щыпищащ республикэ МВД-м. И щхьэгъусэ Людмилэ - полицей конвоирщ. Абы и адэ милицэм и полковникыр КъБАССР-м и МВД-м и транспорт милицэм и унафэщIу щытащ. Артуррэ Мадинэрэ быиx яIэщ, мыгувэу иджыри зы къэхэхъуэну поплъэ.

Махуэшхуэ зэхьыхьэм и кIэуэныу сабийхэм паркым и аттракционхэм я нэгу зыщыдгъэужащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щы1эм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Абы дегъэпIейтей

Дахагъэр хъумэн хуейщ

Гъэм и зэман псоми Хьэтохъущыкъуей жыг хадэр щIыхь кIуапIэщ. Уетхьэкъу абы иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIамрэ ар зэрагъэдэхамрэ щыпIьагъукIэ.

НАЛШЫК къалэр нобэ хабжэ Европэм и жыг хадэ нэхъ дахэхэм. Атlэ дэтхэнэ зы цIыхуми игу къеуэнкъэ, гуузи, лыуз лъэпкъи яхэмылъу а ди зыгъэпсэхупIэ щыпIэм щыдзекIуэ къаБзагъэ хабзэхэр къызэпызыудэр щилъагъукIэ? «Дапщэрэ дрихьалIэрэ плиткэ екIуэхмкIэ къращыкIа лъэс лъагъуэхэм сэхуран щаIуищIрэ, абдеж дыдэм къыщанэжу, тетIысхьэпIэхэр зыщыгъэуэ», - жеIэ Налшык и паркымкIэ зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэмкIэ Iэнатlэм и упрадщым и къуэдзэ Шэмызокъуэ Мусэ. Абы къызэрыкIуащыммкIэ, иджыпсту жыг хадэм и щытыкIэм Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлIэхэр тклийуэ кIэлъоплъ икIи щIалэгъуалэр къыхуреджэ да республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псор зэрыгушхуэ Хьэтlохъущыкъуей жыг хадэр хъумэным зэхэщIыкI лъагэ яIэу бгъэдыхьэну, ди къэнхьэзэм къемызэгъ абы щамылэжьыну, къабзагъэм кIэлъоплъынуи.

Гъэмахуэ лъэхъэнэм абы щыкуэдщ ди цIыхухэм къищынэмыщIауэ, ди курортхэмрэ санаторэхэмрэ нэгуэущI щыпIэ кIэикIауэ зыщIыгъэгъэсэхуэри. Къезэгъыркъым абыхэм щапхъэ мыхъумыщIэ кIыддалъагъуныр. Жыг хадэм бгъэдэлъ дахагъэр къэпльытэнри ящыщщ цIыху зэхэщIыкIым, псэнлъэ гъэсэныгъэм и лъагъагъэр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэхэм. Шэмызокъуэм и псалъэхэм дыщIыгъужьыну сыхуейт «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэ, Налшык и «Водогрязелечебница» Iуэхущ1апIэм илъэс куэдкIэ щылэжьа Бозий Лизэ зрихьэлIа мыпхуэдэ зы теплъэгъуэ цIыкIу. «ПащIэ Бэмышрэзэ Мечиев Кязымрэ я фэеплъым и гупэкIэ розэ хьэсэшхуэ къох, хьэ дахэ уигъэлъыхьэуну, - жеIэ абы. - СызыщIалажь, «Водогрязелечебница»-м сэ сыт щыгъуи сызэрыкIуэр парк кIуэщIыкIэщ. Махуэ гуэрым а удз гъэгъахэм я дахагъэм сыхэплъэу сыздэщытым, щIалэгъуалэ гуп къызэрыIуогуэ. Арати, абыхэм ящыщ зы щIалэ къыхожри, розэм я нэхъ дахэр и пъэдакъэм къыщыфIещIыкIри, мащIэу и пэ ища и гъусэхэм яхольадэж. Абдежым занщIэу сигу кIьоI, мыбы жеIэIакIи къикIын щIыхьэм (IукIейщIыкIейт щIалэр) ауэ, ярэби, ар зыхуихь хьэдбзэ цIыкIум Iихьну пIэрэ жызоIри.

Зэрыхуэзгъэфэща дыдэм тету, абы мо розэ пльэжьышхуэр пщащэм Iэщ1ипльэну хуожьэ. АрщхьэкIэ дэнэ?! Iуэ гъэгъар зэрыбгъэ Iэр къыуидзыжщ, псоми зэхахьу къехъурджжэури пщащэр ежьэжащ. Псэужащ сэри си гур, дахагъэр хъумэн зэрыуейр къызыгурыIуэхэри диIэщ, жьыхэсIэу».

ЛЬОСТЭН Музэ.

Гъащ1э узыншэм и телъхьэхэр

Бахъсэн районым хьыхь Исльэмей жылэм и стадионым иджыблагъэ спорт зэхьыхьэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыпIэ къудамэмрэ «Урысей зэкъуэтым» и «Щ1эблэщ1э гвардие» щ1ыпIэ штабымрэ.

РАЙОНЫМ и щIалэгъуали 100-м нэблагъэ и Iэпкъ-лъэпкъым зрагъэукъуэдиящ, абыхэм жыдэжру яхэтащ Iуэху щхьэхуитI зыгъэпсэлъахэр.

- Дэ ди къэнхьэр къытщIэхъуэ щIэблэр спортым дедгъэхьэхьыным и закъуэкъым, атlэ гъащIэ узыншэ ирахьэкIыным хуэдгъэсэныр, - кIыхьагъэщащ «Урысей зэкъуэтым» и «Щ1эблэщ1э гвардие» щ1ыпIэ штабым и унафэщI Къуэщыбсокъуэ Юлие. Абы зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и гъэпсыкIэ, ахэр спортым хэшэнымкIэ.

АБАЗЭ Лерэ.

Щапхъэ

Лэжьакlуэ нэс

Зэманым сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщIихъуми, зэи ящIыгъупщэрклым лэжьыгъэ гъуэгуанэшхуэ къезыхьэкIа щIыху гуащIафIэхэр. Абы и лэжьакIэ фIыщIэ лей яхуэфащщ, къуажэ гъащIэм и зыужьныныгъэмрэ псэуныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ зэлъытыжауэ щыта колхоз лэжьакIуэхэм. Абыхэм ящыщщ ди нобэрей тхыгъэр зытеухуа. Псыгуэнсу къуажэм щыщ Унэгъэс Тlуитlэ.

ХЭКУ зауэшхуэр щыслъихъуа зэманым Тlуитlэ илъэс 14 ирикъуа къудейт. Лъэхъэнэр хьэлъэт, фронтым Iухьэну зи ныбжь нэмысахэр тыл лэжьыгъэм пэрымыхьэу хуэртэкъым. Апхуэдэу Унэгъэсыр губгъэри зыва трактурым прицепщикыу дыщIагъуащ. «Жэщ-махуэ димыIэу вэн-сэныр хьэтхьэлIэн хуейт. Тракторым дыкъыщыпIыхум пхъэ уадэкIэ хъэсапкъэм тежьихьа вагъэбдзумэр теткъутэрт, - игу къегъэкIыж сабиигъэ насыпыфIкIэ гъащIэр зыхуэмыупса Тlуитlэ. А зэманым абы щыгъуащ иужькIэ Къэбэрдей драмэ театрым и артист щIэрыIуэ хъуа Сонэ Мухьэрбий, Щ1эбэтыкъуэ Жидэ, Балъкъыз Iэбий (артист Балъкъыз Валерэ и адэщ), илъэс куэдкIэ къуажэ школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджа Щ1ыхьэлы Аскэр сымэ. А щIалэ къыхжьэпхъыкIахэр лэжьыгъэ хьэлъэм къыщыдзхуэм «рабочэ батальон» фIащауэ щхьэхуэу игъасэрт Темыркъан Хьэбашэ и къуэ Николай.

Щ1алэхэм яхэтт къуажэ клубым къыщызэрагъэпэща къэфакIуэ гупым хагъэхьэри. Абыхэм ящыщт, къапщтэжу, адыгэ артист цIэрыIуэ хьуа Болэ Мурати.

Зауэр ихьиу Унэгъэс Тlуитlэ шофер Iэщ1агъэр зригъэгъуэта нэужь, Псыгуэнсум щызэхэт Гъуэгунокъуэм и цIэр зезыхьэ колхозым илъэс 25-кIэ щылэжьащ, бардзэшэ машинэм дэсу. Куэд зэрыщыгъуэщащ, а Iэнатlэм нэхъ гугъу уигъэлъыхъуэну апхуэдэт. Нэху мыщу бардэр Докшукинэ станцым къралъхьэ хуейт. Ауэ щыхьэрэ, колхоз фермэхэм Iэщ1ыщхэу щ1ыгъут, зэ кIуэгъуэкIэ Iуэхур зэфIэкIыртэкъым.

Тlуитlэ а Iэнатlэм пэрытыху унафэщI зыбжанэ зэблихъуащ, (Вэрыкъуэ Пэкъумэн, Мыз Сэфарбий, Бэракъ Мущхьин, Борий Лалу, Бэч Iэбубэ сымэ), ауэ зэи къэхъуакъым жэуаплныныгъэ хэлъу Iуэхум щыбгъэдэмытарэ, абыхэм я губгъэн къыщыхьарэ.

Шофер IэкIуэлъакIуэр щылэжьащ 1939 гъэм колхоз унафэщIу щыта Хьэсанэ Хьэжмурид хригъэсауэ щыта колхоз жыг хадэми хадэхэкI щащIэ губгъэуми.

Апхуэдэу зэманыр екIуэкIыуэ 1973 гъэм Iэщ1агъэлI Iэзэр районым и «Сельхозтехника» Iэнатlэм ирагъэблагъащ. Иджы абы и лъэр щытеуэн хуейт Ярославль, Кострома, Липецк, Львов жыпIэмэ, Совет Союзым и кIалэ куэдым. Абыхэм кIрашырт зи лэжьыгъэр зэпсыу мыхъу мэкъумэш техникэхэм къралъхьэ пIыхьыгъэ зэпэуэнщIэ.

«Къапщтэмэ, дызыкуеину пкыыгъэкIэ Волгоград кIыштырти, «Сельхозтехника»-м и мастерскойкэм Iэкlуэльакlуэу тракторхэр щызэпкърыгъэтлъхьэжырт, - пещэ Тlуитlэ и гукъэкIыжхэм. А Iэнатlэмэ, нэхъыфIхэм хабжэрэ и цIэ фIыкIэ къралIуэу Унэгъэсым илъэс 20-м щIигъур къыщихьэлIэжащ, коммунист лэжьыгъэм и ударник цIэри къыщыфIащащ.

Унэгъэсым и лэжьыгъэ гъэгуанэ кIыхьыр къэралым и дежи пщIэншэ щызыхъуакъым. Абы щIэх-щIэхэуэрэ къыхуагъэфэщащ районми, республикэми я щIыхь тхьылъэр, щIыхь дамыгъэхэр.

Зи ныбжьыр илъэс 80-м щIигъуа Тlуитlэ жьыщхьэ махуэщ: абы и щхьэгъусэ Унэгъэс (Борькъуей) Родэрэ езымрэ быиx 5 зэдапIащ - щIалитIрэ хьэщжэбзищрэ. Абыхэм псоми Iэщ1агъэ хъарзынэ ирагъэгъэтащ. Езыхэм я унагъуэми яIэжрэ, адэ-анэ гуащIафIэхэм я щапхъэр я гъуазэу хъарзынэуи мэпсэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Пщащэ Iущхэр

Тэрч къалэ дэт Сабий творчествэмкIэ унэм и гъэсэнхэм я зэпеуэ екIуэкIащ.

«ГЪЭМАХУЭМ и пщащэ нэхъ дахэ-2014» фIэщыгъэщIэ щIэту гъэ къэс иджы хуэдэ зэманым къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэм и кIалэн нэхъыщхьэр къыдэкIуэтей щIэблэм дахагъэм и мыхьэнэ нэсыр зыхегъэщIэнымрэ абы и лъэныкъуэ псоми хэгъэгъэзэнымрэщ.

Зэхьэзэхуэр гуэшат уэрэд жыIэнкIэ, уэдэ гъэгъаХэм зэхэлъкIэ гъэщIэгъэнэхэр етауэ, абыхэм фIэщыгъэщIэ кIахуэгупсысынкIэ е хьэбар кIэщI щIыкIуэхэр яхуэзэхпъэнкIэ, пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кIыхьащIыкIа щыгъныныгъуэхэр гъэлъэгъуэнкIэ. Абы еплъныкъыхьзэхуэсахэм гъэщIэгъуэныщ1э ящыхьащ1 газетым, целлофан къэпхэм кIыхьащIыкIыу сабийхэр утыку къыщэрихьа бостейхэр.

Зи зэфIэкI зыгъэлъэгъуахэм яхэтащЕфэнды Элинэ, Бесльэней Миланэ, Абаз Алинэ, Литвиновэ Елизаветэ, Лыкъужьк Элинэ сымэ. Абыхэм щIыхь тхьылъэр ираташ. Псом ящхьэращи, пщащэ цIыкIуэр кIыхьагъэуэа къалэнхэм пэлъэщащ икIи теплъэгъуэ щIэбжанэкIэ нэхъ мыхъуми, дахагъэм и щэхуэм нэIуасэ хуэхъуащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Iэщыр кIэлъыплъыныгъэм щIэмытмэ

Iэщ1ышхуэ къэзыдигъу щIэпхъаджащIэхэр гъэмахуэ лъэхъэнэм нэхъри мэятэ. Ахэр зыкIи игъэпIейтейкъым къуажэдэсхэм я нэхъыбэр зыгъашхэр, хэкIыпIэу яIэр а псэущхьэхэр арауэ зэрыщыгъым. КъБР-м щы1э брифингым щытепсэльыхьащ. Iэщ дыгъуныр Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм къыщызэпыудыным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм, а лэжьыгъэм блэкIа мазихым къркIуахэм.

- ДИ ЛЭЖЬАКIУЭХЭМ яубзыхуащ нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, Iэщ къэдигъуным пыщIауэ 8 йубыда бзаджащIэхэр. Абы къэпIа уголовнэ Iуэхур судым ягъэхьащ, - кIыхигъэщащ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районыкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник КIэмыргуей Сослъан.

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм, балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмкlэ и Iэнатlэм и унафэщI къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Къанкъул Руслан зэрыжиIамкIэ, Iэщ дыгъуным пыщIа щIэпхъаджагъэу ялэжьыр ягъэмэщIащ. Иджыпсту Iуэху 12-м хоплъэ, абыхэм ящыщу зыр сэтей къащIащ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ щэч хуащIу районым щыпсэу цIыхуитI яубыдащ.

Нэхъыбэу Iэщ1ыр щадыгъу кIэлъплъныныгъэншэ хъупIэхэм. Абы и закъуэкъым, езы къуажэдэсхэм я мысакъыныгъэми къркIуу Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр: щIэпхъаджащIэхэр гугъу демыхьу жэщыр къагъэсэбэпу гъэмахуэ, Iэщ IыгъыпIэхэм жэмхэр, шыхэр щIашыф.

Нэгъабэ елъытауэ Шэрэдж районми нэхъ щекащ Iэщ дыгъуным пыщIауэ щалажь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр. Ар кIыркIуащ а Iуэхур кIэлъэпыудыным пыщIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. Урысей МВД-м Шэрэдж районымкIэ и къудамэм жылагъуэ хабзэр хъумэныныкIэ полицэм и унафэщIым и къуэдзэ Молэ Арсен къызэрыкIугъащIэмкIэ, лей зытехьахэм зыкъыщыдыхуагъэзэр жэщ-махуэ зыбжанэ дэкIауэщ, иужь зэманым илъэс бжыгъэ дэкIауэ ягу къыщыкIьжэри щыIэщ. Абы Iуэхур зэхэгъэкIыныр куэдкIэ нэхъ гугъу ещI.

КъэIэта Iуэхугъуэм екъэлIауэ зриплъэж мазихым къркIуахэр щызэкалъхьэжым полицэм и лэжьакIуэхэм республикэм щыпсэухэм аргуэру зыхуагъэзащ я лъапсэхэм щаIыгъ Iущхэр хъума хъуным сакъыу кIэлъыплъыну, щхьэхуиту ахэр хъупIэм ящыщамынэу. Къыхагъэщащ я Iэщ егъэзэпIэхэм я бжэхэр гъэбыдауэ щытмэ, Iункlыбзэхэр халхьэжмэ зэрыпэхъ тэмэмыр, ахэр зыхъужмэ хьэхэр яIэмэ зэрысэбэныр.

Iэщ ядыгъуамэ зэгъэпIьэкI имыIэу ячастым хъыбар егъэщIэн хуейщ. Иджыри зэ къыхэдгъэщынщи, псом я щхьэр сакъыныгъэрщ, Iуэхур Iэпэдэгъэлэл мыщIыныр щ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэ.

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

КъБР-м и Пенсэ фондым

Мылажьэ пенсионерхэм папщIэ

Пенсэм хущIагъу федеральнэ социальнэ захъшэр къызэралъытэр пенсионерым и хэхъуэмрэ псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу абы республикэм щыхуагъэуавамрэ зэрызэщхьэщыкIым тещIыхьауэщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Пенсэ фондым фигу къегъэкIыж: псэун папщIэ пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу хуагъэувам нагъэсын щхьэкIэ, федеральнэ социальнэ захъшэ зыхуащIагъур, социальнэ Iэхуэтхьэбзэкъым хуэзэри хэту, мазэ къэс ят ахъшэр, щхьэхуэу хуэхъ мылъкур, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм хабзэкIэ къыщащта нэгъуэщI социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр (ЖКХ-м и Iэхуэтхьэбзэкъэм я пщIэм мазэ къэс пагъакIуэ захъшэр, телефонныпIэр, щIэнэшэу, льготэкIэ зэрызекIуэр) псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу республикэм щагъэувам хуэдиз хэхъуэ зимыIэ мылажьэ пенсионерхэрщ.

Пенсэхэм социальнэ захъшэ зэрыдыщIагъур мылажьэ пенсионерхэм мылъкуIэ зэрызыщIагъакъуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хэкIыпIэщ. Мылажьэ пенсионерхэу зи пенсэр сом 5865-м нэмысхэм федеральнэ социальнэ захъшэ къыщагъэн папщIэ, Пенсэ фондым и щIыналъэ Iуэхущ1апIэм я тхьылъэр (заявленэхэр) щIалъхьэн хуейщ.

Федеральнэ законым икIи иткIэ, 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу сом 5865-рэ щыхуагъэуващ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Псапэ

Сабийхэр ягъэгуфIэ

Налшык къалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ и паркым бадзэуэгъуэм и 16-м гуапэу иригъэблагъащ СириемкIыжьа дэ хэкуэгъу сабийхэр.

ЗЭХЬХЬЭР къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и жэрдэмкIэ. Абы и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Налшык къалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ и паркым пщырыль щищIащ псапэ Iуэху ирагъэкIуэкIыну.

Гулъытэ зыхуащIа ныбжьыщIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Тарч» зыгъэпсэхупIэм щопсэу. КъэщIэжэм папщIэ пщIэншэу лэжьащ аттракцион псорн. Сабийхэми абыхэм я гъуса балигъхэми зрагъэгъэпсэхуащ. ЦыкIуэхэр ягъэгушхуащ, абыхэм я гукъыдэжыр къаIэтащ. Аттракционым я нэгу зыщIагъэужьа нэужь, хьэщIэхэр шхапIэм ирагъэблагъащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Спорт хъыбархэр

Панкратион

Щоджэн Альберт и медалхэр

Панкратионымкlэ Европэм и чемпионат Румынием и щыхьэр Бухарест щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэм темыт зауэхэмкlэ и школым и гъэсэн Щоджэн Альберт абы зэуэ медалитI: семи-контакт Iыхьэм - дыжьын, фаул-контактым - дыщэ къщыхьащ.

УРЫСЕЙМ и кощхэ къыхэхам зэпеуэм дыщэ медалу 7, дыжьыну 6, жэзу 2 къыщихьащ, командэ зэпеуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ. Зэхьэзэхуэм щытекIуэхуэм мы гъэм и жэпуэгъуэм Будапешт щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзэрыр.

Самбэ

Дунейпсо кубокым

Гаспр щекIуэкIа зауэ самбэмкlэ дунейпсо кубок зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр щихъумащ Багъ Алий икIи дыжьын медаль къыхьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и япэ Iыхьэм спортсмен 46-рэ хэтащ, я хьэлъагъ елъытауэ гупи 7-у гуэшауэ. КIэух зэIуцIэм нэхъ лъэщхэр щызэхуэзащ.

Грэпплингымкlэ дунейпсо чемпион Багъ Алий (килограм 74-м нэс и хьэлъагъщ) кIэух зэпеуэм и хьэрхуэрэгъу зауэ самбэмрэ тай боксымкIэ Москва и чемпион Баратян Эдуард къефIэкIри, дыжьын медалыр кIыпIыщащ.

Дзюдо

Европэм щыетIуанэщ

Урысейм пашэныгъэр къыщыхьныныкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуа. Европэм и Кубокымкlэ зэпеуэм плIэнэрэ екIуэлIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа Блий Iэюб лъагапIэщIэ къыщташ. Иджыблагъэ Афинхэм щекIуэкIа кадетхэм я Европэ чемпионатым абы дыжьын медаль къыщыхуагъэфэщащ.

БЛИЙ IЭЮБ (кг 55-м нэс) тыншу икIи дахэу итальян Магоззи есфIэкIащ. Етlуанэми абы и хьэрхуэрэгъу румынри щыхигъэщIащ. Адэкlэ командэм къыдыхэт Ахмыжь Къазбэч тридзащ. Финал нэкъуэми Блийр щытекIуащ.

КIэух зэIуцIэм Iэюб хьэрхуэрэгъу щыхьыхуэхьащ 2013 гъэм дуней псом и чемпион хъуа азербайджан Гурбани. Блийр абы ерыщу пэщIэтащ, ауэ къыIысар дыжьын медалырщ.

Атлетикэ псынщIэ

Париж метритIкIэ зыщIеIэт!

«Бриллиант лигэ»-м и 8-нэ Iыхьэу Париж щекIуэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Кучинэ Марие метритIым щхьэпрылъри, етIуанэ увыпIэр къихьащ. Абы къефIэкIащ метритI лъагагъым зэ бгъэдыхьэгъуэм пэлъэща Власич Бланкэ.

КУЧИНЭМ апхуэдэ лъагапIэ нэхъапэм зэи къехъулIакъым. Ар нэхъыбэжьым зэрыхуэцIакъунум шэч хэлъкъым.

УАРДЭ Жантинэ.

КъБР-м и прокуратурэм

Пэублэу зрагъэтхынумэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖКХ-м и Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъ Iуэхущ1апIэхэм, Бахъсэн къалэ округымрэ Бахъсэн районымрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ я органхэм я лыкIуэхэр, псэупIэ-коммунальнэ комплексым и предприятэхэм я унафэщIхэр ящIыгъуу, республикэм и прокуратурэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм бадзэуэгъуэм и 17-м сыхьэт 14-м къыщыублэдзауэ 17 щIондэ Бахъсэн куейм и прокуратурэм и хэщIапIэм цIыхухэр щрагъэблагъэнущ.

АБы щызэпкърахынущ унагъуэхэр газкIэ, хуабэкIэ, токкIэ, лопсыкIэ къызэрызагъэпэщым, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэхэм я щытыкIэм, ЖКХ-м и предприятэхэм антимонопольнэ законодательствэмрэ промышленнэ шынагъуэншагъэмкIэ законодательствэмрэ къагъэуфехэр зэрыщагъэзащIэм, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм, тарифхэр зэрызэхуагъакIуэм зыхуэдэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэкъэм хуэзэр къызэральытэ пщалъэхэр къызэрагъэсэбэпым теухуа Iуэхугъуэхэр, къэпщытакIуэ органхэм, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я къудамэхэм яхуэгъэза тхьэуэкIуэхэм зэрызэпIьэ щыкIэр.

КъБР-м и прокуратурэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм яхуэзэну хуейкэр 40-03-70, 40-46-17 телефонхэмкIэ пэублэу ятхынущ.

Бахъсэн къалэ округым щыпсэухэр 8(866) 34-2-11-77, 8 (866) 36-2-18-38, районым щыщхэр 8(866) 34-4-17-37, 8(866) 34-4-17-15 номерхэмкIэ псалъэ хъунущ.

Iэмал имыIэу яIыгъын хуейщ:

- хэтми зыгъэнаIуэ тхьылъ, е организацэм хьэмэрэ предприятэм и сэбэп зыхэлъкIэр ихьумэну пщэрылъ зэрыщащIым щыхьэт техъуэ документ;

- цIыхум, Iуэхущ1апIэм хабзэкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхьэмрэ къызэпаудым е апхуэдэ щхьэусыгъуэ щы-Iэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурор Жариков Олег и щIэкIэ тхьылъ (зэрызыхуагъаз);

- къэпщытакIуэ, кIэлъплъпIакIуэ Iэнатlэхэм, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я къудамэхэм нэхъапэкIэ хуитха тхьылъым (зэрызыхуагъаз) и жэуапым и копиер.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Япэ балъкъэр цIыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля 80

Тхэныр зи насып къихьа

ЦIыхугъэ, дуней тетыкIэ, гупсысэ къыхахыу балъкъэр усакIуэхэм яIащ лъэпкъ Iуэрыйуатэр. Зумакуловэ Танзиля и усыгъэми аращ и къигъэхъуапIэр. Зи IэдакъэщIэкIэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIа цIыхубзым и цIэр иджы ябгъурытщ совет усыгъэм и цIыху нэхъ цIэрыIуэхэм яйм.

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля усакIуэ нэсщ, гупсысакIуэщ. ГурыIуэгъуэу кIыщIэкIынщ усакIуэр, псом япэу, напэ хужьу, псэ къабзэу щытын зэрыхуейр. А хьэлхэр зэчийм гузэкIпIэ ямыIэу епхащ. А псом тетщIыхьрэ, Танзиля тхэну хуитныгъэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэ насыпифIэу жытIэмэ дыщыуэну кIыщIэкIынкъым.

Абы и усэхэр купщIэ ящIэлъымкIэ, цIыхум деж щихь жэуапым зэремыпщIыжыкIэ щIэщыгъуэщ. Арагъэнщ къэралым и усакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я цIэр къыщрагIуэкIэ Танзиля ейри щIыззэхтыр.

Куэд зи нэгу щIэкIа, ауэ зы щхьэкIи мыдзыхэу уэрэдхэр къззыгъэщIу къеКIуэкIа балъкъэр лъэпкъыр ирипагэ хъунщ апхуэдэпхъу кIыззэрыщIэхъуам.

Хэт ищIэнт, Гирхожан жылэм хуэкIуэ мывэкIащхь лъагъуэм кIыщызыжыхьу щыта балъкъэр хъыджэбз цIыкIум усыгъэм гъуэгушхуэ щцIыхишыну?! Сыт жыпIэн, ар насыпщ! Апхуэдэ кIыщыхьуфIыну щытар совет зэманыр.

Ди лъэпкъ Iуэрыйуатэр зыхэзыгъэува балъкъэр бзылъхугъэхэм я цIэхэр дэ зэи кIытхуэщIэнукъым, ахэращ зи фIыщIэр усэбзэм и фIыпIэр зэхэзрытхуэнар икIи абы папщIэ фIыщIэ яхудощI. Ди зэманымкIэ дыкъэIобжкмэ, ятIэ балъкъэр бзылъхугъэ -усакIуэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуар Зумакуловэ Танзилящ. Аращ лъэпкъ литературэхэр зыгъэлъагъуэ цIыхубзхэм ящыщу РСФСР-м Горькэм и цIэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтыр ятIэу зыхуагъэфещагьи.

Сэ схужыIэнущ Танзиля ди къуршхэм я «псэр», ди лъагъэхэм, жыгхэм, мывэхэм, вагъуэхэм, псыхэм я бзэр фIыуэ зэхищIыкIыу. Ар пэжщ. Ар усакIуэщ. ЖыхэсхIэм я щыхьэтщ абы и усэхэр.

Iуащхьэмахуэ лъапэ! Кавказ къурш тхыцIэр зыщхьащIыуIуукI, уардзу Iуащхьэмахуэ, Ушбэ, ЦIхельдэ зыщхьащIт щIыпIэ! Абы нэхъ дахэ дунейм къигъащIакъым! Мы щыналъэр ятIэу зыльагъуэхэм жалэ хабзэщ - Iуащхьэмахуэ лъапэ укъыщалъхуауэ, ущыпсэууэ, усакIуэ умыхъунуу ухуиткъым. СызэригъэмкIэ, ар абы ехпахьым. ЩIыуэпс нэхъ къыззыгъуэкI дыдэхэм я цIэр къыщрагIуэкIэ Танзиля ейри щIыззэхтыр.

Куэд зи нэгу щIэкIа, ауэ зы щхьэкIи мыдзыхэу уэрэдхэр къззыгъэщIу къеКIуэкIа балъкъэр лъэпкъыр ирипагэ хъунщ апхуэдэпхъу кIыззэрыщIэхъуам.

Хэт ищIэнт, Гирхожан жылэм хуэкIуэ мывэкIащхь лъагъуэм кIыщызыжыхьу щыта балъкъэр хъыджэбз цIыкIум усыгъэм гъуэгушхуэ щцIыхишыну?! Сыт жыпIэн, ар насыпщ! Апхуэдэ кIыщыхьуфIыну щытар совет зэманыр.

Ди лъэпкъ Iуэрыйуатэр зыхэзыгъэува балъкъэр бзылъхугъэхэм я цIэхэр дэ зэи кIытхуэщIэнукъым, ахэращ зи фIыщIэр усэбзэм и фIыпIэр зэхэзрытхуэнар икIи абы папщIэ фIыщIэ яхудощI. Ди зэманымкIэ дыкъэIобжкмэ, ятIэ балъкъэр бзылъхугъэ -усакIуэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуар Зумакуловэ Танзилящ. Аращ лъэпкъ литературэхэр зыгъэлъагъуэ цIыхубзхэм ящыщу РСФСР-м Горькэм и цIэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтыр ятIэу зыхуагъэфещагьи.

Сэ схужыIэнущ Танзиля ди къуршхэм я «псэр», ди лъагъэхэм, жыгхэм, мывэхэм, вагъуэхэм, псыхэм я бзэр фIыуэ зэхищIыкIыу. Ар пэжщ. Ар усакIуэщ. ЖыхэсхIэм я щыхьэтщ абы и усэхэр.

Iуащхьэмахуэ лъапэ! Кавказ къурш тхыцIэр зыщхьащIыуIуукI, уардзу Iуащхьэмахуэ, Ушбэ, ЦIхельдэ зыщхьащIт щIыпIэ! Абы нэхъ дахэ дунейм къигъащIакъым! Мы щыналъэр ятIэу зыльагъуэхэм жалэ хабзэщ - Iуащхьэмахуэ лъапэ укъыщалъхуауэ, ущыпсэууэ, усакIуэ умыхъунуу ухуиткъым. СызэригъэмкIэ, ар абы ехпахьым. ЩIыуэпс нэхъ къыззыгъуэкI дыдэхэм я цIэр къыщрагIуэкIэ Танзиля ейри щIыззэхтыр.

Куэд зи нэгу щIэкIа, ауэ зы щхьэкIи мыдзыхэу уэрэдхэр къззыгъэщIу къеКIуэкIа балъкъэр лъэпкъыр ирипагэ хъунщ апхуэдэпхъу кIыззэрыщIэхъуам.

Хэт ищIэнт, Гирхожан жылэм хуэкIуэ мывэкIащхь лъагъуэм кIыщызыжыхьу щыта балъкъэр хъыджэбз цIыкIум усыгъэм гъуэгушхуэ щцIыхишыну?! Сыт жыпIэн, ар насыпщ! Апхуэдэ кIыщыхьуфIыну щытар совет зэманыр.

Танзиля етх: «Сыт хуэдэ уасэ щIэстыными, сэ пэжырщ сызителъхьэр».

ИщхьэкIэкIыззэрыхэдгъэщащи, Зумакуловэм и Iэдакъэщ1экIэхэм куэду щегъафIэ и хэкумрэ и лъэпкъымрэ. Абы мызэ-мытIэу кхыхеГъэщ а тIур и псэм зэрыхэпIыр, псэухукIэ фIыщIэ зэрахуищIынур. Си гуапэщ а къалэн мытынщым хэпэжу Танзиля гъащIэм зэрыпхыкIыр...

КУЛИЕВ Къайсын,
КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, Лениным и цIэкIэ щIыIэ саугъэтым и лауреат. 1979 гъэ

НэгъуэщIхэм яхэгъуащэртэкъым

Сыт хуэдэ усакIуэми къехъулIэркъым и щIэжыкIакIуэр езым и ныбжьэгъу пэж къищIыну, и фIэщ зищIыну. КъинэмыщIауэ, усэ жыпхъэхэр пщIэнкI щащIэщ, жэуаплныигъэ сыт и лъэныкъуэкIи пхэлъын хуейщ, зэманым и бзэуэкIэр зыхэпщIэу, птхым ухуэгупщIанэу Iуэхум бгъэдыхьапхъэщ. Ахэр уиIэ - литератор нэхъыфIхэм уащыщу аращ. АрщхьэкIэ нэгъуэщI зыгуэри хэлъщ абы - а псори зэпытар, дауи, зэчий ббгъэдэлъыр. ЖыпIэми ущымыуэжыну зи гугъу сщIыхэр зи фащэр Зумакуловэ Танзилящ. Къэбэрдей-Балъкъэрым инхъу щэджащэрщ.

АБЫ И УСЭХЭР нэгъуэщIхэм зэи хэбгъэгъуэнкъым. Езым и гупсысэкIэрэ хьэтIрэ иIэжщ, псалъэм зэрыхуэIэкIуэлъэкIуэмкIэ, гъащIэм къыхиха дерскIэ щIэгъэбыдэжауэ. И лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм, гупсысэрэ гурыщIэу бгъэдэлъым фIыуэ щыгъуэзэ усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэм щхьэусыгъуэрэ лъабжьэрэ яхуэхъур къызыхэкIам ядилъэгъуамрэ ядигъэвамрэщ.

Зумакуловэм щыIагъ, пхъэшагъ зыхэлъ псалъэ зыхыиягъэхинукъым, ар сыт щыгъуи и щIэджыкIакIуэм хуэгуапэщ.

Куэд къыбжезыIэ усэ сатырхэр Танзиля треухуэ къыщалъхуа и лъахэмрэ и гъащIэмрэ. Едзыгъуэ къэси Къэбэрдей-Балъкъэрым и зы гъащIэ напэкIуэцI къыпхуэзэIуахьм хуэдэщ, и лъэпкъри къыбоцIыху. ПлъыфабзУ и Iущагъыр хэухуэнащ Танзиля и Iэдакъэщ1экIэхэм, къызэрысщыхьумкIэ, абы и зэчийр мыужьых зыщIыр цIыхугъэ хэлъырщ, и пэжагъырщ. А псом абы и усэгъэм драгъэхьэх нэгъуэщI лъэпкъхэри.

ЗУЛЬФИЯ,
Узбекистаным и цIыхубз усакIуэ. 1984 гъэ

Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля ещIэ псалъэм и уасэмрэ абы хуэщIын хуей пщIэмрэ. Ар хуосакъ псалъэм, Iэк1уэльакIуэуи и сыт хуэдэ уасэми зы щIэ гуэр къыщIэзэIуех.

ЗУМАКУЛОВЭМ и усыгъэм езым и гъащIэ къыхощ. Дэтхэнэ усэми бзылъхугъэр зыпхрыкIа, зэгупсыса Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр лъабжьэ хуохъу. Арауэ къыщIэкIынщ ахэр зыми емыщхьу гум хыхьэу къэIуэта щIэхъур. Зи гугъу щIыр и зы щапхъэ. Псоми дощI6 бгырыс цIыхубзхэр щхьэхуиту пасэ зэманхэм зэрыщымытар. Апхуэдэуи дыщыгъуазэщ Совет властым абыхэм бжьыр зэратрихам. Сыт хуэдиз усэ зэщхь защIэ трауХуат а лъэхъэнэм тхакIуэхэм! Уеблэмэ а Iуэхугъэ къуэкIыпIэ усакIуэ куэдым я Iэдакъэщ1экIэхэм лъабжьэ яхуэхъуари. Танзиля абдежи къаХэщащ адрейхэм. Абы апхуэдизкIэ Iэзэу «Бгырыс усакIуэ цIыхубзхэр» усэр итхащи, къыпщохъу абы зэи зыри темытхыхьауэ. Ари усакIуэ нэсым и зы нэщэнэщ.

Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм теухуахэрщэ? Сыт хуэдиз и къадэмыпэм къыщIэкIа Танзиля а игъэльапIэ зэхущытыкIэм екъэлIауэ!

Танзиля и поэмэхэм ящыщ зым фIищар «ХамэщIщ». Абы зи гугъу щищIыр Хэкум хуиIэн хуей лъагъуныгъэрщ. УкъитгъауIэбжьу, гуащIэу къэпсалъэ лIыхъужьым и гупсысэхэмкIэ къэIуэтащ цIыхум и щIыналъэм хуищI фIыуIагъуныгъэм и дахагъэр. Сэ си цIыхьэ къэсрихьэлIа- ягъэ хэкум хэкум хуэхэзыгъэпыр апхуэдизкъ къару хэлъу къыщыгъэльэгъуа нэгъуэщI зы тхыгъэ.

КВЛИВИДЗЕ Михаил,
курджы усакIуэ. Тбилиси, 1965 гъэ

Зумакуловэ Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэм дихьэхар бгырысхэм я закъуэкъым, ахэр фIыуэ щалъэгъуащ Совет Союз псом. Гупсысэ гъэщIэгъуэнхэмрэ гурыщIэ пэжхэмрэ зыхэлъ философие усэхэм, драмэкIэ гъэнщIа поэмэхэм ящIэлъ купщIэмрэ къаIуэтэкIэмрэ уогъэщIагъуэ...

Зыми емыщхь

«АНТИВОЕННАЯ поэма» тхыгъэм Танзиля щетх: «Си усыгъэр щIылъэм быдэу тет унэм хуэдэщ». Ди фIэщ мэхъу а унэм зэ щIыхьам, зэи абы и бжэр зэрыхуимыщIыжыпэнур. Абы Iэмал имыIэу къигъэзэжынущ, сыту жыпIэмэ ари, Танзиля и лIыхъужьхэм хуэдэу, гуфIэгъуэмрэ гуаузмрэ щрызэпэгъуэнэгъу, цIыхур гугъэм щыхэмыкI гъащIэ гугъуэм щопсэу. Псоми яхуэзэфIэкIыркъым а щытыкIэхэр псалъэкIэ къаIуэтэну, абы къыхэкIыу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм усэбзэкIэ щIэдэIуну хуейр феблагъэ а унэм. Абы и бысымыр гъащIэ мытынщым пхрыкIа усакIуэ гъуэзэджэ Зумаклуовэ Танзилящ.

КъыдигъэкI и тхылъ къэс тхакIуэм, кIуэ пэтми, зиIэт зэпытт, нэхъ лъагэ хъурт и унэм и блынджабэхэри - иджы щIэджыкIакIуэщэ бжыгъэхэр щыхьэщIэм.

ЦIыхум и хьэлкъым езым и фIэщ мыхъу гуэр фIыуэ илъагъуныр. Абы ещхьу, сыт хуэдэ тхылъми нэхъыщхьэу хэлъыр ар пэжым тещIыхьауэ щытын зэрыхуейрщ. А пэжыр дыдж дыдэу щытми, аращ щIэджыкIакIуэм и гум ищтэнэур. Апхуэдэ пэжкIэ гъэнщIащ Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэр.

УсакIуэм итха «Дэыхь пхуэщIыркъым» усэм укъыщеджэкIэ нэщхьеягъуэ хьэлъэм ухешэ. БлэкIам хуеплъэкIыж цIыхум и гупсысэр дэгъуэу къыщыIуэта а тхыгъэм къеджэм и гур имыгъэпейтейуэ, абы щыгъуэми ар зытхам пщIэ хуимыщIу къэнэнукъым.

Танзиля и усыгъэмкIэ Хэкум куэдрэ зыхуегъазэ. НэхъыфI дыдэу илъагъуу дунейм тетыр арагъ. ИкIи а лъагъуныгъэр абы гуапэу, гъэщIегъуэну къеIуэтэф. Езы цIыхубзым и гуапагъэр, и гупсысэхэм я купщIэр щынэрылъагъущ Танзиля и усэ сатырхэм.

БлэкIа лЭщIыгъуэм и 60 гъэхэм Танзиля и усэ тхылъ къыдэкIам усакIуэ Кронгауз Аннисим хуитхыгъауэ щитащ: «Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и Iэдакъэ къыщIэкIа зы усэ сатыр зэи седжатэкъым. Ауэ иджы, бзылъхугъэм и тхыгъэхэр зэрыщэзгъэщIыху лъандэрэ, бгырыс усыгъэр арыншэу си нэгу къыслухIэгъэсхьэжыркъым. Зигурэ зи псэрэ къабзэ бзылъхугъэм и усэхэм сыдахьэхащ».

Гупсысэ, гурыщIэ мащIэкъым Зумакуловэм и усэхэм яхэлъыр, арщхьэкIэ сэ къысщохъу абы и Iэдакъэщ1экIхэм я курыхыр Iуэхухуэхэр, дызыгъэпIейтейхэр къызыщыIэта и поэмэхэр арауэ.

Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэм зэпымыуэу гуапэу тепсэлъыхьащ къэралым и тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм теухуауэ Москва Литераторхэм я унэм пшысь щыщкIуэкIыу усакIуэ, жыла-гъуэ лэжьакIуэ Тихонов Николай къызэхуэсахэм зэрыщазахуигъэза псалъэхэр сигу къинэжащ. Абы жиIат: «Нобэ сэ сызытепсэлъыхьынур къэбэрдей, балъкъэр литературэхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъахэрахъым е КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я Iэдакъэщ1экIхэрэкъым, атIэ ятэ балъкъэр цIыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и тхыгъэхэрщ».

ИуэкIэ, илъэс зыбжанэ дэкIаеуэ, ди литературэм и гугъу щащIырт аргуэру Москва. Ауэ - иджы РСФСР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьанылъэрт. Къэпсалъэхэм, кIанэ щымыIэу, Танзиля и усэхэм псалъэ гуапэхэр хужаIэрт. УсакIуэ Туркин Владимир къыхиГъэщат: «День Российской поэзии» усэ тхылъыр ягъэхьэзырырт. Абы усакIуи 150-м я тхыгъэхэр хыхьэнут. Абыхэм ящыщу сыкъеджащ Зумакуловэ Танзиля ейхэм. Усэхэм яхэлъ харум сигъэгупсащ. ЗыслухуэмышIэу ящыщкъм Поздняев Константин деж сыпсалъэри, сеупщIащ апхуэдэ усакIуэ ицIыху-имыцIыхумкIэ. УсакIуэм сызэрыщытхъуам щыгуфIыкIа Константин кIыхьу къыслухуэпсэлъыхьащ Танзиля и усэхэм. Апхуэдэу сэ къэсцIыхуащ Зумакуловэ Танзиля».

А пшыхьым къыщыпсэлъат «Литературная Россия» газетым и редактор нэхъыщхьэ Поздняев Константин. Къызэхуэсахэм абы яжриIащ Зумакуловэ Танзиля и усэхэр куэдым фIыуэ зэралъэгъуар, абыхэм щIэупщIэ зэраIэр. Зэхьхьым и кIэухым Кулиев Къайсын къэпсэлъахэм фIыщIэ яхуищIри, къыхигъэщат пэж дыдэу Танзиля зэчий къызэрымыкIуэ къыдалъхуауэ зэриIэр. А псалъэхэм абы къыщытригъэзэжауэ щытащ тхакIуэхэм я урысейпсо зэхуэсми.

Иджы, Танзиля и усыгъэр куэдым фIыуэ щалъэгъуа, ди къэралми хамэ щIыпIэхэми бзэ зэмылIэужьыгъуэкIэ щызэрадзэкIа лъэхъэнэм, жыпIэ хъунущ совет литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм Зумакуловэм и Iэдакъэщ1экIхэм теухуауэ жаIам, ятхам щытхъу егъэлея къызэрыхэмыхуар.

Къыхэзгъэщынут абы и усэ нэхъыфIхэр ди зэманым адыгэбзэкIи зэрыIур - илъэс 40-м щIигъуауэ сэри абы и Iэдакъэщ1экIхэр зызодзэкI.

Урыс усакIуэ Светлов Михаил жиIауэ щытат цIыху Iейм усэфI зэи зэрыхуэмитхыну. Абы и щапхъэщ Танзиля. Ар псэ къабзэщ, гугъуехь хуэза дэтхэнэ цIыхуми зэрыльэкIIэ зыщIэзыгъэкъуэну хьэзыр бзылъхугъэщ, ныбжьэгъуфIщ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ.

Зэчий къызэрымыкIуэ

Япэ дыдэу Зумакуловэ Танзиля и усэхэр щыщIэзджыкIым гу лъыстат сызыпэмыплъа, згъэщIагъуэ куэд абыхэм къызэрысхуаIуатэм. Зыгуорым сигъэпIейтейрт. Балъкъэр къуршхэм усакIуэ къыщалъхуащ, жысIэу сыгуфIэу, сыгушхуэу арат. А сэ зыхэсщIар си ныбжьэгъу Кулиев Къайсын щыжесIэм. Балъкъэр лъэпкъым усыгъэ купщIафIэкIэ узыщыгугъ бзылъхугъэ къызэрыхэкIамкIэ арэзы къыздэхъурт.

АБЫ лъандэрэ Зумакуловэ Танзиля и тхылъхэм соджэ. Сэ сигу иримыхьыр зы закъуэщ: и Iэдакъэщ1экIхэм *Зумакуловэ Танзиля* жиIэу зэрыкIэщIитхэрщ. Хьэуэ, сэ абы и цIэ-унэцIэр сфIэмыфIу аракъым, Зумакуловэ унэцIэр зезыхьэр куэд мэхъу, жысIэну сызыхуейр «Танзиля - р усыгъэм къызэрекIумрэ а цIэр щэху гуэркIэ гъэщIаУэ къызэрыщIыхъумрэщ.

ФIыуэ сольагъу Танзиля и усыгъэ нэхур, и зэчий къызэрымыкIуэр. Ар усэбзэкIэ къопсалъэ гупсхуу, и дзыхь къуигъэзу, уэри шэсыпIэ уригъэхьэу. УсакIуэм и хъэтIымкIэ занщIэу и лIыхъужьыр къыпхуэцIыхунущ, и гупсысэ хъулеймкIэ гугъу уемыхьу къыбгурыIуэнущ ар къызыхэкIа лъэпкъымрэ зыщыщымрэ. Ар къыщыхъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым. Абы и дунейр - дахагъэ, къабзагъэ, цIыхугъэ здэщыIэрщ. И тхылъхэми пащэ Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын сымэ хаша лъагъуэм, къагъэлъагъуэ балъкъэр лъэпкъым къытепсыха гузэвэгъуэм ипсыхьам и цIыху щIыкIэр. ИрагъэкIаэм ящыщт Танзиля и адэр, абы къыхэкIыуи зэрысабийрэ куэд игъэващ цIыхубз цIыкIум. Илъэс пщыкIыщ дэкIаеуэщ хамэщ1 щыпсэуа Танзиля и Хэкум хуиуса и тхыгъэхэр иIыгъыу къыщыкIуэжар.

Блок Александр зэрыжиIэгъамкIэ, усакIуэм къулыкъуэкъым иIэн хуейр, атIэ гъащIэ насыпщ. Танзиля иIэщ апхуэдэ гъащIэ, лъэпкъым ейм быдэу пыщIауэ. Хуитт ар и лъэпкъым къраПэса IэхэумкIэ дуней псом хуэгугъвыну, арщхьэкIэ цIыхубзыр лей зыщIахэм и гупагъэкIэ, акъылыкIафIагъэрэ лIыхъужьыгъэкIэ яПэувыфащ, и усыгъэм ахэращ къаIуатэр.

Кавказым, щIалэ пагэхэмрэ цIыхубз дахэхэмрэ зыщалъхуам, щопсэу усакIуэ телъыджжэ Зумакуловэ Танзиля!

ГАМЗАТОВ Расул,
Дагъыстэным и цIыхубз усакIуэ, Лениным и цIэкIэ щIыIэ саугъэтым и лауреат. 1984 гъэ

ГурыщIэ нэпцI яхэлъкъым

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля и усэхэм яхэлъкъым гурыщIэ нэпцI е узыгъэнщхьеин. УсакIуэм и сатырхэр къыгъэщIащ гу щабагъкIэ, абы къыхэкIкIи дэтхэнэ и лэжьыгъэри къабзэщ, Iуащхьэмахуэ тепль уэсым хуэдэу. Апхуэдэ зыльэкIынур цIыкIуэгъэ зыхэлъырщ.

Тхыдэ дамыгъэ

Зумакуловэ Танзиля и усэхэмрэ поэмэхэмрэ гъащIэм, зэманым, цIыхухэм уаззрыхуэсакъыным апхуэдизкIэ Iэзэу щытопсэлъыхьри, къызэрысщыхъумкIэ, абыи жиIэфынут Ахматовэ Аннэ зэгуэр къыхигъэщауэ щыта «Бзылъхугъэхэр, «Псэльэфу» сэ згъэсащ» и псалъэхэр. Пэжыр пэжщ, балъкъэр бзылъхугъэхэм ящыщу Танзилящ зи усэхэм ятэу дуней зылъэгъуар. Абы лъандэрэ усакIуэм и Iэдакъэщ1экIхэм лъэпкъым и гугъэгр ягъэнэхуу къоГуэгурыкIуэ.

ГЕЙНЕ жиIэгъащ: «Дунейм и быдэу псори усакIуэм и псэм пхокI». ПхокI ар лIыгъэ зыхэлъ Зумакуловэ Танзиля и гущIэми. Псалъэм папщIэ, дигу къэдгъэкIыжынщ абы ятэ дыдэу и къалэмыпэм къыщIэкIахэм ящыщ «Зауэм и бий псоми». Абы, сыт хуэдэ ятIэ щыIуатэр ди гум хихьауэ зэрыщытар. - Жылагъэу Iэзхум зэригъэгузавэмрэ мамырыгъэм, лъагъуныгъэм, хуитныгъэм усакIуэ цIыхубзыр зэрыщIэлIэмрэ поэмэм усыгъэ лъагэкIэ щытхащ, ар лъэпкъым и тхыдэ дамыгъэ хъуа пэлъытэщ.

Танзиля и усэхэм теухуауэ куэд ятхащ, ятх икIи ятхынущ. Сыту жыпIэмэ, абыхэм цIыхум и нэмысымрэ щхьэхуитныныгъэм и уасэмрэ Iупщ1у щыпхрышащ.

Зумакуловэм и тхыгъэхэр сэ яхэзбжэркъым «цIыхубз усыгъэ» жыхуаIэхэм. И усэхэм бзылъхугъэр щыхахуащ, щыIущ, гурыщIэ хэлъщ, псалъэ шэрыуэкIи гъэнщIащ.

Зэрыхабзэщи, щIэджыкIакIуэм усакIуэр ятэу къызэрицIыхур абы и Iэдакъэщ1экIхэмкIэщ. Сэ Танзиля сызэрыхуэзар нэгъуэщIущ. Ар къэхъуащ накъыгъэ мазэм и зы дыгъэл махуэм. Си шыпхъэмрэ сэрэ ди Налшык дахэм дыщыгуфIыкI, дыхуэгушхуэу Лениным и уэрамым дрикIуэрт. Зы тэлайкIэ ар зыщIэуэрыыкIри, къызжиIащ: «Мес Танзиля!» Сэ къэслъэгъуащ угъурлы нэкIуу дыгъэр зытепщIыпщIыкI, зи нэ пIащIитIыр ныд бзылъхугъэр. Сыт хуэдиз илъэс дэкIми, а дакъикъэм абы сызэрыIуплъам хуэдэущ Танзиля сигу къызэринэжар: псым хуэму ес къыу фIэкIа умыщIэну, бгырыс цIыхубзым зэрыхуэфащэну къыкIуэщIрыкIырт ар.

Танзиля и щхьэкIэ сымыщIыхуами, тхылъхэм, журналхэм абы и сурэт щызмыльэгъуами, къысщыхъут нэгъуэщIуи а бзылъхугъэр уи нэгу къыпхуущIэмыгъэхьну. Ар иIэт и усэхэм.

Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэр балъкъэр лъэпкъым и гъыбзэщ, и нобэм и уэрэдщ, пщэдейм и гуфIэщ. Абы къыхIуатэр зи Уэмаку-ловэм къыфIащэ «ЦIыхубз усакIуэ» цIэ лъапIэр дамыгъэ къудейкъым, ар хэкум и фIыщIэ нагъыщащ.

Танзиля теухуауэ мы тхыгъэр здэсхьыж зыхызощIэ абы и зэрыкIэкIым пщIэ зэрыхуэсщIыр, и цIыху щыкIэр зэрыслфIэльапIэр. Усыгъэм и дунейр инщ, бзэ куэду зэхэтщ. Ики сыщогуфIыкI гъунэгъуу псэууэ, тхэуэ Танзиля дыззриIэм.

Ермэлыхэм Капутикян щхьэкIэ «Ди Сильвэ» зэрыжаIэм хуэдэу, Узбекистаныр - «Ди Зульфия» жаIэу я усакIуэр зэрыщаIэтым ещхьу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми пагэу жаIэ хъунущ «Ди Танзиля!».

КЪЭШЭЖ Иннэ,
КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. Москва. 1984 гъэ

Макъ гуапэ

Ар усакIуэ нэхъ гуапэхэм, гупсысэ куу зиIэхэм ящыщщ. Абы хуэзэфIокI и псалъэкIэ цIыхум и псэм лъэIэсыну. Танзиля сэ щыслъэгъуащ икIи и макъ щызэхэсхащ Налшык, Москва, Киев, нэгъуэщI къалэхэми.

ЗЭГУЭР абырэ сэрэ тхакIуэ гупым (ГраниН Даниил, Ласкин Борис, Матусовский Михаил сымэ, н.) дахэту Узбекистаным и къалэ зыбжанэ къызэхэткIухьауэ щытащ. Зумакуловэр дэнэ къыщымыпсалъэми, ар концерт пэш хъуми, уеблэмэ Самарканд, Бухъэрэ, Навои я стадионхэрами, Iэгуаузэшхуэ къызэхуэсахэм къыщыхуаIэтырт...

ОШАНИН Лев,
СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. 1984 гъэ

● Фэ фщIэрэ?

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Ворона черная - къуаргъ, къуагъ, къолэжь.
Голубь скалистый - кьыр-тхьэрыкъуэ.
Гуменник - къазфIыцIащхъуэ.
Гусь серый - губгъуэкъаз.
Дятел пестрый малый кавказский - жыгыуIужьей.
Жаворонок рогатый тундряный - уэсхьэгуагуэ.
Журавль канадский - канадз къру.
Зуек малый - ныбзхубзу, пшахъуэбзу.
Конек лесной - къуацэщIэж.
Крачка белокрылая - псыт-хьэрыкъуэдамэху.

● Зыхуэбгъадэ хъун щымыэ

Мы сурэтищмк щыфIагъур Шэшэн Залинэщ. Абы КъБКъМА-р кьунхащ, мызэ-мытIэу КъБР-ми Урысейми щекIуэкIа зэпеуэхэм хэтащ нкIи 2009 гъэм "Къэбардей-Балъкъэрым и тхъэIухуд" щхьэфIащащ.

● Псалъэ пэжхэр

ЦIыху ныбжьым хохъуэ, цIыху гъащIэм хощI

♦Сабий джэгукIэ зымыщIэм гъащIэр зищIысыр кьыгурыIуэнукъым.
♦Гъуанэдэууэ къоуэри гъуанэдэплъу кьоплъакIуэри цIыхугъэ зыбгъэдэмылъыжщ.
♦Кьыпщыхъумрэ къыпфIэщIымрэ Iуэху тумыщIыхь.
♦Благъэжьым и пащхьэм благъэщIэр щумыгъэпIий.
♦Дунейм ехьжам и цIэр фIыкIэ жаIэрейми, ар иджыри псэу пэлъытэщ.
♦Укъэзыухуэрехь цIыхухэр фIыуэ пхуэмылъагъумэ, дунейм и IэфIагъир сыткIэ зыхэпщIэн.
♦Зыхуэмыфащэм хуэпщIа Iуэхутхьэбзэр зэи кьыпхуигъэгъунукъым.
♦НапитI зиIэм и етIуанэ напэр кьыщIигъэща нэужь, сыту лъагъуГуенIуэ.
♦Жэнэтыр зи унапIэр адэ-анэм я псалъэр тIу жьIэ зымыщIырщ.
♦ЦIыхуитI зэщхьхьам я къуаншагъэ-захуагъэр зэхэбгъэкIын щхьэкIэ ещанэми ухуейщ.
♦Бэдж зэдэщIыэм бэджыхьи щыIэщи, бзаджэнаджэ зэдэщIыэм бэлъхьи щыкуэдщ.
♦Дунейр дахащэу зэхэлъщ, ауэ цIыхухэр хуеямэ, ар нэхъ дахэж яхуэщIынут.
♦Быгум инлъхьа хьэлъэр хуэгупхэмэ, гум щIэроIэ, хуэгупIэмэ - выщхьэ йоIэ.
♦ЦIыху ныбжьым хохъуэ, цIыху гъащIэм хощI.
♦ИмыщIэр кьэзылъыхъуэурэ гъащIэм кIуэцIрыкIращ щIэныгъэм зи насып хэлъыр.
♦Нэхъыжьыр жьантIэм бгъэтIысамэ, и нэмысыр хъумэ ар щысыху.

КIУРАШЫН Алий.
Бахъсэн щыналъэ, ХьэтIохъущыкъыдей къуажэ

ИстамбылакIуэм и гукъеуэ

● Тхытыщ1э

Хамэщ1 щыпсэу адыгэхэм яхэтщ усыгъэкIэ бзэр зыхъумэ. Хэкум кьыхуэпабгъэ гум зэщIыгъэм и гуаузэр щызэтрелъэри, ар усэбзэм хуокIуэ. Хэкурщ ахэр нэхъыбэу зыхуэусэр.

Хэкум и макъыр зэм щабэу, зэм губжьауэ кьыхолыкI щIэжьокъуэ Зафэр и усыгъэм. Абы и «Гум къыпыткIухэр» усэ тхылъым кьыкIэлъыкIауэ щIэжьокъуэ Зафэр и усыгъэм. Абы и «Гум къыпыткIухэр» усэ тхылъым кьыкIэлъыкIауэ «Сэ иджыри сы-Истамбылакiуэщ» зи фIэщыгъэр. «Хэкупсэу, зи гъащIэр хэку гъэзэжыным щIэзыта кьуэш пьапIэ Тыжь Илкай и фэеплъу...» кьыщыхьащ тхылъым.

Тхылъым и купщIэр Хэкум, бзэм теухуа усэхэрщ. «Зывмыуущхэу», «ЩIэблэм и бзэр», «Хэку», «Анэбзэ», «ЛъэIу», «Губжь мызэгъэж», «Уэ тIуащIэ», «Си лъэпкъ», «Хьар кьызопсалъэ», «Сэ иджыри сы-Истамбылакiуэщ» усэхэм щыпхьащ. усакIуэм хэкум хуиIэ хуэбагъэр. Ар мэдзыкъэ хэкум зэрыпIэщIэм щхьэкIэ, иронэщхъей лъэпкъым и гуауэм, ауэ гугъэри иутIыпщыркъым. Лъэпкъыр зэрыгубыдыжьынырц и хъуэпсапIэр. Зафэр и усэхэмкIэ лъэпкъыр кьыхуреджэ бзэр яхъумэну - захъумэжьну:

Дегъэгушхуэ дз зэрылъэпкъыу
Хэхъуэху бзэр зыщIэм и бжьыгъэм.
.....
Адыгэбзэр пщэдджьжь дыгъэщ,
ГъащIэр тхуегъэнэху.

Лъэпкъи хэкуи дз диIэнущ,
А бзэр дз диIэху.
(«Зывмыуущхэу»)

Усакiуэм и гуауэр хьэлъэщ. Iэпкълъэпкъри псэри щымызагъэ хамэщIым гукъеуэр щыкуэдщ. «Уэ тIуащIэ» жеIэ абы щхьэкIэ Зафэр:

Фыкъиплъэт нэгум:
Ифлъэгъэунущ
Хамэ щIыналъэм
ЩрихьэкI гъащIэр.
Фыкъиплъэт нэгум:
Ифлъэгъэунущ
Тыркубзэ защIэу
ИрихьэкI гъащIэр
Зэрыуэ тIуащIэр.

Хэкужьыи и щIыуэпсыр зыфIэтелъыджэ усакIуэм истамбылакIуэ гъэзугр егъей.

Уэ си лъэпкъ дыщэ,
Къэбгъанэу мы дахагъэр
Дэнэ уздишар

Хэкумрэ лъэпкъымрэ теуха тхыгъэхэр дзэлэс хуэхъуами, тхылъым кьыщIащ лъагъуныгъэ усэхэр, усэ шэрыуэхэр, сабийхэм папщIэ итхаэр, дунейм и кьэхъуькъащIэхэм, щIыуэпсым и дахагъэм, гъэм и зэманхэм теухуаэр, фIымрэ Iейимрэ, пщIымрэ пэжымрэ щыIэпишачэхэр.

Пэжщ, тхылъым щыуагъэхэм уащыхуэзэ псалъэм и тхыкIэ, и кьэгъэсабгъэкIэ теухуауэ. Ауэ щыхъукIи, мыр зи Iэдакъэ кьыщIэкIам пщIэ лей хуэфащэщ хамэ щIыпIэм анэдэлъхубзэр щихъумэн, ар щIэблэм яIурилъхьэм Iуэху мытынышр зэрыхуэзфIэкIым щхьэкIэ. «Фи пащхьэ, иджыри ныкъуэдыкъуэми, тIэкIу хуэныкъуэми зы уэх тхылъ цIыкIу нызолъхьэ... Хамэ кьэралыгъуэм щыпсэу адыгэхэм хуэдизу тIэкIу ныкъуэу, хуэныкъуэу, ауэ гу ныкъуэу зы тхылъщ мыри», - щыжеIэ тхылъыр зытхам пэублэ псалъэм.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и напэкIуэцI жагъуэхэр нэщхьейуэ кьыдзэрыщ тхылъым и гуэсэщ аудиотхыгъи. ЩIэжьокъуэм и усэхэм кьоджэ абы и Iэдакъэщ1экIэр фIыуэ зыпIэагъуэхэр, адыгэ макъамэ щабэр щIагъэувауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Шхыныгъуэхэр

КIэртIоф, бжьыныху щIэгъэжьыхьауэ

КIэртIоф укъэбзар зэпэплIащ бжьыIуурэ яупщIатэ, г 10-15 я хьэлъагъыурэ. Хьэкъущыкъу лам иралъхьэ, шыгъу траудэри дакъикьитху-хыкIэ щагъэт. Тебэм тхъу иралъхьэри къагъэпIь, абы шыгъу зытеда кIэртIоф гъэжапхъар хальхьэри, зэIащIэурэ ягъажьэ. Вэгъу трищIэу зэрыхуежьэу, Iупщ1э цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху хальхьэри, зэIащIэурэ ягъажьэ. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ, шыбжий плъыжь хьэжа трагъэщащэ. КIэртIоф упщIэтахэр ямыIыпIыным хуэсакъыуэрэ, зы дакъикъэ хуэдэкIэ хьэкум трагъэтщ тхъуэпль даxэ хъуху. ИтIанэ кIэртIофыр щIимыгъэнапэу шатэ щIакIэ, тебащхьэр трапIэжри мафIэ щабэм тету ягъажьэ. Хьэзыр хъуа кIэртIофыр хьэжчэ къытрахыж, джэдгын траудэри мэ дахэ кьишцтэн щхьэкIэ и щхьэр теплауэ дакъикьитI-щыкIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэуэвэкIэ, зэIащIэри тепщэныи иралъхьэ. Пщтыру яшх. Пластэ е мыраемысэ хуабэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):

кIэртIофу - г 300,
тхъуэ - г 50,
бжьыныху укъэбзауэ - г 100,
шатэу - г 150,
шыгъуу, шыбжий сыру, джэдгыну - уэхуэйим хуэриз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Нэплъэжьгъуэ

Лы гуэр мафIэгум итыхсъащ илъэс 25-рэ зи ныбжь и къуэр щыIгъуу. Щlалэр щхьэгъубжэм Iутыхсъащ. МафIэгур зэрежьэу, абы и Iэр щхьэгъубжэм дишиикIащ, жьы кьызэрыщIихум щыгуфIыкIыу. «Папэ, плъагъурэ жыгыу хъуам дакъытож!» - кьыжэкIиикIащ ар, илъагъур фIэтелъыджэу. Адэр и щlалэм хуэгуфIащ. Щlалэм и гъунэгъуу щыс зэщхьэгъуситIыр щтэщтаблэу абы кьыхуIэплъырт, цIыхухъу балигъым сабийм ешхьу пэри щIигъэщIагъуэр кьагурымыIуэу. «Папэ, папэ! Еплъыт: гуэл! ХьэкIэжхъуэкIэхэри солъагъу... Пшэхэри ди гъусэу нокIуэри!» - жеIэ аргуэру щlалэм. Зэщхьэгъусэхэм кьагурыIуэркъым адэм къуэ балигъым и зыщIыкIэхэр зыуи кьызэрыщIмыхъур. Ауэрэ уэшхи кьригъэжьащ... Щlалэм и нэхэм кьытелъэдащ гуфIэгъуэ нэпс: «Папэ, уэшхыр кьызоIуэсэ... плъагъурэ, плъагъурэ?» - мэкIий щlалэр.

- Сымаджэщым пшэуэ тIэкIу кьыкIэлъыбгъэплъамэ, чэнджащ гуэрхэр кьуатынт, - жраIэ зэщхьэгъусэхэм яфIэпсэкIуэд хуэа щlалэм и адэм, - яхуэгъэхъужькIи хъунт...

- Иджыпсту сымаджэщым дыкъыщIэкIыжа къудейщ... Си щlалэм и нэхэм нобэ япэу яIэгъуу ерысхъы куэдым докIу. Зи нэгум дрэжэгъуэ кIэ Iужажэщи ... хуэсщIащ. Адэм гъубжэкIэ пиупщIыр и щlалэ цIыкIум ... ещI. ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ театрым и щэнтщ. Iэщым ират Iус. Ди гъунэгъу апхуэдизкIэ Iужажэщи ... хуэсщIащ. Адэм гъубжэкIэ пиупщIыр и щlалэ цIыкIум ... ещI. ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист ... Рэмэзан. Iэ, Уафэм кьех мыл тыкъыр цIыкIу.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** ... щхьэнтэ. Е джэдкъазэм, кьуалэбзу-хэм ятет цы щабэ. **3.** Чы ... - бжьыхь. **6.** Пасэрей фоч. **9.** Дунейм ехьжам и цIэкIэ тхъэмыщкIэхэм ират Iыхьэ. **11.** Азием щыIэ а хьэрып къэралым и щыхьэр къалэм зэреджэр Маскатщ. **13.** Щы къиуда. **14.** Урыс пащтыхь Гроэнэм и етIуанэ щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ и итхъу. **15.** Псым и куупIэ. **16.** «Бгы лъапэхэм ...» - кIыщокъуэ Алим и поэмэ. **18.** МахуэцIэ. **21.** Джанэм, кIэстумым я зы Iыхьэ. **24.** Зи сатырхэр зэгъэкIуа литературэ тхыгъэ. **25.** Ди щIыпIэм, псом хуэмыдэу къалэхэм щыкуэд къуалэбзу. **26.** Псэхэлъхьэж. **27.** ХадэхэкIхэм къаохэкIэ удз щхьэ гъуэжь. **28.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **29.** Уафэгум ит дыгъэр абы егъэпщкIуф. **30.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **32.** Адыгэ лъэпкъ. **29.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **39.** Зэрыьхэжэ. **41.** «Хьэнч, хьэнц, хьэнцигуащэ зыдошэрэ, ялыкъ ... кьегъэощщэх». **42.** Щlалэм Iэпэпсэ иIэщ. **43.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **44.** Фадэ гуащIэ.

Къехьу: **1.** ХъумпIэцIэдж Iуащхьэ. **2.** ГъукIэ Iэмэпсымэ. **4.** Тхылъым и «джанэ». **5.** Кьужажэм, республикэм, къэралым я щIыналъэхэр щиух щIыпIэ. **6.** ... вы бжьакъуэм кьокI. **7.** Мэрем нахуэм мэжджьытым щащI нэмэз. **8.** Шэщ. **10.** ... зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэ. **12.** ТхылъымпIэм итыр зэрыпэжым щыхьэт теxъуэ дамыгъэ. **17.** Псым хэс хьэпщхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **19.** Iэбжьанэм дзлъэда пхъэ папщIэ цIыкIу. **20.** Си ... кьилъагъури, си гъунэгъум сыщIелъэIуар кьыскухуащIащ. **22.** ЦIыху псынщIэ, емыгупсысауэ Iуэху кьезыхьэжьэ, зылэжь. **23.** Адыгэ шхыныгъуэ: ерыскъы куэдым докIу. **30.** Зи нэгум дрэжэгъуэ гъуэ йумыIыгъуэ цIыху, зи гур иуда. **31.** Машинэ шэрхъыр ... хъуащ. **33.** Уэлбанэми дыгъэ жьэражьэми ущызыхъумэ. **34.** Дунейр ... щэнтщ. **35.** Iэщым ират Iус. **36.** Ди гъунэгъу апхуэдизкIэ Iужажэщи ... хуэсщIащ. **38.** Адэм гъубжэкIэ пиупщIыр и щlалэ цIыкIум ... ещI. **40.** ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ театрым и

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Шыбзыхъуэ. **7.** Калинин. **10.** ХьуаскIэ. **11.** Хьэкъурт. **12.** Мэсей. **15.** Пшынэ. **17.** Къурашэ. **21.** Псы. **22.** Афэ. **23.** Пыл. **24.** Уэгъу. **28.** Унажэ. **29.** Гущэ. **30.** Арджэн. **33.** Ныш. **34.** Усэ. **35.** Гъупщ. **36.** Шей. **39.** Iуданэ. **40.** Благъуэ. **44.** Хьэиуэ. **46.** Пшахъуэ. **48.** Сэлэт. **50.** Тхъурымбэ. **51.** Сэтэней.

Къехьу: **1.** Ныбжьэгъу. **2.** Ахьуэхъу. **3.** КIанэ. **4.** Бишкек. **6.** Заур. **8.** Ирмэ. **13.** Унафэ. **14.** Хьуржьин. **16.** Шы. **18.** ЩIу. **19.** ЕсэнтIыгу. **20.** Бэрэжьей. **25.** Бжы. **26.** Пщы. **27.** Еуэ. **31.** Псынэ. **32.** Iупэлэ. **37.** Уд. **38.** Егъу. **41.** Мэлыхьуэ. **42.** Молэ. **43.** Тхъужьей. **45.** Уэзы. **47.** ЩыкIэ. **48.** Собэ. **49.** Тхъэ.

Гъуэгум

Рассказ

ЗыШЫДЫГУ кIуэрт, бгъуфIэрэ гъагъу дэщIелIуэ мэкъу иплъу. ЩIымахуэ Iусу и Iэщым иригъэщхьыну зыщыгугъыр ишэжьыр лIыжьым. Теплъэкъэ зи хьэлъэ пэху цIыкIури екъурт хьэлэлу, жагъын лъэпкъ хэмылъу. Дадэр и шыдым и къарум къигъэгугъэрти, шыдыгур хьэлъэ кьищIат. Шыдыгур макIуэ, лIыжьым Iумпlэр иIыгъыу. Сэтейуэ кIуэ гъуэгум зыщIыпIэ деж «зыщриупсейр» - джабэ дэкIыгъуэм. Мо дзгъэзэеигъуэм зэ сыдэкIамэ сынэсыжа пэлъытэт, жыхуиIэу лIыжьыр ипэкIэ маплъэ. Хуэмурэ и гъуэгуанэм хегъэщI. Ауэрэ нос гъуэгур задэ щыхъу щIыпIэм. КIэрохьэ джабэм... шыдым кьехьэлъэкI хъуащ, дэкIигъуэм мэкъугур. Иджыри къэс на псынщIагъэм кIэрыхьуурэ, лъэмыкIэжьхэ хъури хуэзыщIащ. ЛIыжьыр, и макъыр Iэтаэу, щIэгубжьащ шыдым. Iэпслъэпсэщ эзпичрэ, жьипIэну пэху цIыкIур и фIэщу еIащ. ХуещIалакъым. ЛIыжьыр гум икIэмкIэ екIуэкIри, мэкъум хэIуа гуахъуэр зыхьихауэ, абыкIэ зыпэщIагъэкъуэгъэ щI